

# WAYANG BEBER- TAWANGALUN-2025

*by CEK TURNITIN*

---

**Submission date:** 14-Apr-2025 03:20AM (UTC-0400)

**Submission ID:** 2645510939

**File name:** WAYANG\_BEBER-TAWANGALUN-2025-YES.pdf (2.4M)

**Word count:** 19243

**Character count:** 123794



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

# Wayang Beber

# Tawangalun Donorojo

# Pacitan

Penulis:

Tri Hartanto

Tiara Ayu Mumpuni Putri,

Agoes Hendriyanto



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

Hak Cipta ©

Oleh:

Tri Hartanto

Tiara Ayu Mumpuni Putri

Agoes Hendriyanto

Editor: Agoes Hendriyanto

Layout: Muhammad Rafid Musyaffa'

Nomor ISBN:978-623-8763-40-5

Penata Letak: Tim KPSB Pacitan

Hak Terbit © 2025, Diterbitkan oleh: CV.Nata Karya

Anggota IKAPI

Kontak Email:

Penerjemah.

- 1) Merujuk pada Undang-Undang Nomor 19 Tahun 2002 tentang Hak Cipta Seseorang yang dengan sengaja dan tanpa memiliki izin melakukan tindakan sebagaimana diuraikan dalam Pasal 2 ayat (1) atau Pasal 49 ayat (1) dan ayat (2) dapat dihukum dengan pidana penjara minimal 1 (satu) bulan dan/atau denda setidaknya sebesar Rp 1.000.000,00 (satu juta rupiah), atau pidana penjara maksimal 7 (tujuh) tahun dan/atau denda paling banyak Rp 5.000.000.000,00 (lima miliar rupiah).
- 2) Seseorang yang dengan sengaja menyiarkan, memamerkan, mengedarkan, atau menjual kepada masyarakat sebuah Karya atau barang yang merupakan hasil pelanggaran Hak Cipta atau Hak Terkait, seperti yang dijelaskan pada ayat (1) dapat dihukum dengan pidana penjara paling lama 5 (lima) tahun dan/atau denda setidaknya sebesar Rp 500.000.000,00 (lima ratus juta rupiah)

## SARINING BUKU

Buku iki mujudake kajian jero tradhisi Wayang Beber ing Karangtalun Donorojo Pacitan. Lumantar panliten kang kalebu studi pustaka, observasi partisipan, wawancara mendalam, lan dokumentasi, panulis kasil ngandharake keragaman lan kasugihan budaya tradhisi iki.

Buku Wayang Beber Tawang Alun Gedopol Pacitan iki kalebu bagean saka pameran lan eksebisi karya ing acara sing dibiayai dening program Dokumentasi Karya/Pengetahuan Maestro. Program iki ngangkat judhul "Duplikasi Wayang Beber Tawang Alun Donorojo Pacitan" lan disokong dana saka Indonesiania kanggo anggaran taun 2024-2025.

Ing buku iki, para pamaca bakal diajak ngerti macem-macem aspek penting, kalebu: Tradhisi Pagelaran Wayang Beber Jaka Kembang Kuning iki asale saka **Dusun Karangtalun, Desa Gedopol, Kecamatan Donorojo, Kabupaten Pacitan**. Pagelaran iki diwiwiti ing jaman Jaka Tingkir lan dianakake saben taun ing sasi Sura kanggo mengeti wiyosan Dewi Sekartaji, tanpa ana aturan khusus.


Persiapan utawa Uborampe minangka perangan kang ora bisa dipisahake saka tradhisi pagelaran Wayang Beber Pacitan, kalebu macem-macem peralatan lan panganan khas sing disuguhake ing acara kasebut.

Carita utawa lakon Jaka Kembang Kuning dadi fokus utama ing Pagelaran Wayang Beber Pacitan. Crita iki nyritakake crita katresnan antarane Raden Panji Amarabangun karo Dewi Sekartaji.



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA



Buku iki ora mung menehi katrangan bab asal-usul, sejarah lan crita kang ana gegayutane karo tradhisi Wayang Beber ing Tawangalun Donorojo, nanging uga menehi pitedah tumrap panliti, pamawas budaya lan seniman kanggo ngrembakakake lan nglestarekake warisan budaya iki. Diserat nganggo basa Jawa, buku iki nduweni daftar isi sing terstruktur kanthi topik-topik sing kalebu folklor, tradhisi, asal-usul dhusun Tawangalun, makna Wayang Beber, sejarah Wayang Beber, persiapan acara, uga lakon Wayang Beber. kang dipentasake wiwit Jagong 1 nganti Jagong 23.

## 1

## Prawacana

Puji syukur panyerat aturaken dhumateng Gusti Allah SWT. Ingkang sampun paring kasarasan lan kanugrahan, satemah panyerat <sup>3</sup> kanthi irah-irahan “Tradisi Wayang Beber Tawangalun, Dusun Karangtalun, Desa Gedopol, Kecamatan Donorojo, Kabupaten Pacitan” kanthi lancar.

Puji syukur Alhamdulillah, panyerat s<sup>25</sup> pun ngrampungaken buku Wayang beber Tawangalun, Dusun Karangtalun, Desa Gedopol, Kecamatan Dnorojo, Pacitan. Kaajab buku basa Jawa bisa didadekake referensi mliline kanggo penelitian lan pengabdian marang masyarakat kang nggunakake Wayang Beber minangka subyek utawa objekipun.

Kajawi saking punika, mujudaken referensi ngengingi sujarah Wayang beber Tangalun ingkang mujudaken karya ageng ing jaman Majapahit lan taksih saged dipuntingali wujud aslinipun. Pramila prelu tansah ngudi upaya nglestantunaken saha ngrembakakaken objek pemajuan budaya (OPK) ingkang sampun katetepaken minangka warisan budaya takbenda Indonesia. Mula saka iku perlu sinergi antarane para praktisi seni, pengguna seni, pamarentah lan swasta kanggo njaga lan nglestarekake.



## Daftar Isi

Prawacana .....	v
Daftar Isi.....	vi
1.    Purwaka.....	9
2.    Folklor .....	18
3.    Tradisi .....	27
4.    Asal Usul Dusun Karangtalun Gedopol, Pacitan .....	30
5.    Wayang Beber .....	33
5.1. Arti Wayang Beber.....	33
5.2. Sejarah Wayang Beber .....	40
6.    Perjalanan Wayang Beber .....	52
6.1. Wayang Nalika Jamanipun Sang Prabu Sunyawisesa	
Jenggala.....	52
6.2. Gambaring Wayang Purwa Kapindah Ing Dlancang Jawi	
.....	55
6.3.Gambar Wayang Purwa ing Dlancang Jawi Kasebut	
Wayang Beber.....	57
6.4. Wayang Beber Ing Jaman Majapahit .....	58
6.5. Wayang Beber Dumugi Demak .....	61
7.    Wayang Beber Dumugi Jaman Mataram .....	66
7.1. Wayang Beber Ing Jaman Kartasura.....	66
7.2. Wayang Beber Sareng Dumugi Surakarta.....	69
7.3. Wayang Beber Linggar Saking Karaton Kartasura .....	71
8.    Tetingalan Wayang Isi Pararaton .....	74
9.    Wayang Beber Wonten Salebetung Dongengan .....	77
10.    Pertunjukan Wayang Beber Tawangalun .....	81
11.    Uborampe Wayang Beber Tawangalun .....	88
11.1.    Sego Golong 7 Jodho .....	90
11.2.    Ingkung ayam.....	91
11.3.    Sego Golong 3 Urap .....	92
11.4.    Jenang Putih Abang.....	93
11.5.    Arang-arang Kambang .....	94
11.6.    Jenang Sengkala .....	95

KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

11.7.	Jadah Jojoh .....	96
11.8.	Gedhang Raja .....	96
11.9.	Jajan Pasar/Woh Asil Bumi .....	97
11.10.	Sego giling.....	98
11.11.	Lilin .....	98
11.12.	Dupa .....	98
11.13.	Cengkir Gading .....	99
11.14.	Kembang 7 rupa .....	100
12.	Lakon Wayang Beber Tawangalun, Pacitan.....	101
12.1.	Gulungan 1 Pejagong 1 .....	102
12.2.	Gulungan 1 Pejagong 2 .....	103
12.3.	Gulungan 1 Pejagong 3 .....	104
12.4.	Gulungan 1 Pejagong 4 .....	105
12.5.	Gulungan 2 Pejagong 1 .....	106
12.6.	Gulungan 2 Pejagong 2 .....	107
12.7.	Gulungan 2 Pejagong 3 .....	108
12.8.	Gulungan 2 Pejagong 4 .....	109
12.9.	Gulungan 3 Pejagong 1 .....	110
12.10.	Gulungan 3 Pejagong 2 .....	111
12.11.	Gulungan 3 Pejagong 3 .....	112
12.12.	Gulungan 3 Pejagong 4 .....	113
12.13.	Gulungan 4 Pejagong 1 .....	114
12.14.	Gulungan 4 Pejagong 2 .....	115
12.15.	Gulungan 4 Pejagong 3. ....	116
12.16.	Gulungan 4 Pejagong 4 .....	117
12.17.	Gulungan 5 Pejagong 1 .....	118
12.18.	Gulungan 5 Pejagong 2 .....	119
12.19.	Gulungan 5 Pejagong 3 .....	120
12.20.	Gulungan 5 Pejagong 4 .....	122
12.21.	Gulungan 6 Pejagong 1 .....	123
12.22.	Gulungan 6 Pejagong 2 .....	124
12.23.	Gulungan 6 Pejagong 3 .....	125
12.24.	Gulungan 6 Pejagong 4 (Pejagong 24).....	125
13.	Paedahipun Tradisi Wayang Beber Kangge Masyarakat	
	127	



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

14.	Dudutan .....	133
15.	Pitutur Warisan Lan Pengelolaan Wayang Beber Pacitan 139	
	Kapustakan .....	148
	Biodata Penulis .....	151

## 1. Purwaka

Kabudayan wonten ing Jawa menika kathah sanget, semanten ugi wonten ing tlatah Jawi menika ugi kathah ragam budaya ingkang gadhah *karakteristik* khas wonten ing saben - saben papan panggenan. *Lingkupipun* budaya menika wiyar sanget tuladhanipun kados tayub, jamu-jamu, cariyos rakyat, lakon, *tradisi*, upacara adat, tembang, gendhing, ageman, kapitadosan, *arsitektur* saha sapanunggalanipun. Salah satunggal disiplin ilmu ingkang naliti bab budaya menika wonten ingkang dipunwastani *Folklor*. *Folklor* menika saking Basa *Inggisfolk* saha *lore* ingkang tegesipun *folk* inggih menika rakyat saha *lore* ingkang tegesipun *tradisi* (Endraswara, 2006)

Miturut Bruvand Danandjaja (1986), *folklor* menika saged kaperang dados tigang perangan <sup>1</sup> *inggih menika Folklor lisan, Folklor sebagian lisan saha Folklor Non Lisan*. Wonten ing Jauhari (2018) ngandharaken bilih *folklor non lisan* <sup>1</sup> menika kaperang dados kalih perangan *inggih menika Folklor materiil* ingkang tuladhanipun *arsitektur rakyat, kerajinan asta, ageman, dhaharan lan unjukan tradisional* saha *jamu tradisional*. Lajeng wonten *flokor*



*immateriil* ingkang tuladhanipun kadosta basa *isyarat* saha laras gending. Salajengipun wonten *Folklor* Tradisi Wayang Beber Pacitan menika lumebet wonten ing perangan *Folklor Non Lisan* awit saking wosing panaliten menika filosofi saking Uborampe Wayang Beber Pacitan.

Upacara Wayang Beber Pacitan menika taksih dipunlestantunaken turun tamurun kaliyan putra wayahipun wonten ing Pacitan. Upacara Wayang Beber menika saged dipunwastani tradisi awit saking pangertosan tradisi miturut KBBI (Kemendikbudristek, 2019) inggih menika “adat kebiasaan turun tamurun (saking ahli luhur) ingkang taksih dipunlestantunaken wonten ing *masyarakat* amargi gadhah pamanggih bilih tata cara ingkang sampun wonten menika ingkang paling sae saha leres”.

*Tradisi* menika saget ugi katindakaken amargi gadhahi ancas murih paedah saking pamigunanipun. Tuladha saking paedah pamigunan *tradisi* wonten ing *Folklor* menika kathah, *Folklor Non Lisan* tuladhanipun *arsitektur* rakyat, jamu jamu, *pengobatan*. Menika mapinten-pinten paedah pamigunan *Folklor* wonten ing paugeran pagesangan saha sadaya *tradisi* ingkang awujud *non lisan*. Salah satunggal tuladha *Folklor Non Lisan*



ingkang badhe dipuntaliti wonten ing panaliten menika *Folklor Non Lisan* awujud *tradisi Wayang Beber Pacitan*.

Wonten ing nusantara khususipun wonten ing tlatah Jawa, taksih kathah pusaka saking leluhur ingkang dipunreksa saha dipunlestantunaken kawontenanipun. Yuswa saking pusaka- pusaka kala wau sampun wonten atusan warsa. Rumeksa pinten-pinten pusaka saking leluhur menika dados jejibahan sesarengan awit saking pusaka menika ingkang taksih lagi wingitipun tlatah Jawa, saengga tlatah Jawa mboten saged dipunrisak kaliyan babagan ingkang gadhah kekarepan ala. Minangka sadaya pusaka- pusaka tetirah saking leluhur menika sampun ical sadaya saha mboten wonten ingkang rumeksa malih, bakal kathah bala ingkang tumekamarang putra wayahipun.

Salah satunggaling pusaka ingkang taksih dipunreksa kanthi sae saha taksih dipundadosaken tradisi turun tamurun inggih menika Wayang Beber. Miturut Wisto Utomo ingkang kagungan Wayang Beber Gunung Kidul wonten ing dunya menika ingkang dados pusaka wingit saha sampun dados tradisi namung wonten kalih Wayang Beber <sup>3</sup> inggih menika Wayang Beber ingkang wonten ing Dusun Karangtalun, Desa Gedopol, Kecamatan Donorojo,

19

Kabupaten Pacitan saha Wayang Beber Wonten ing Dusun Gelaran, Desa Bejiharjo, Kecamatan Karangmojo, Kabupaten Gunungkidul. Kalih Wayang Beber kala wau sampun dados pusaka turun tamurun inkang yuswanipun sampun 300 warsa langkung.

Miturut Tri Hartanto minangka dhalang Wayang Beber Pacitan Prakawis ingkang kedah dipungatosaken saking Wayang Beber menika taksih kirang ngrembaka wonten ing *lingkup* kawula enim. Taksih kathah kawula enim ingkang dereng mangertosi menapa ingkang dipunwastani Wayang Beber. Wayang ingkang ngrembaka wonten ing masyarakat umum khususipun kawula enim menika antawisipun wayang beber kontemporer, wayang <sup>10</sup> kulit, wayang golek, wayang uwong. Wayang Beber taksih kirang ngrembaka awit saking papan saha wekdal pagelaranipun wonten tata aturan ingkang kedah dipunlampahi miturut pakemipun. Wayang Beber inggih menika wayang ingkang dipunlukis wonten ing media kertas Jawa utawi ingkang saged dipunwastani kertas daluang. Wayang Beber wujudipun gulungan-gulungan kertas ingkang saben gulungan kasusun saking pinten-pinten pejagong.

Miturut Tri Hartanto Wayang Beber Gunungkidul saha Wayang Beber Pacitan ngginakaken media kertas daluang saking tegalsari ponorogo. Wonten ing panaliten menika panaliti fokus wonten ing Wayang Beber Pacitan. Wayang Beber Pacitan menika sampun diwarisaken dumugi trah keturunan ingkang kaping 16. Wayang Beber Pacitan menika yuswanipun langkung sepuh saking Wayang Beber Gunungkidul. Wayang Beber Pacitan menika dipunlukis langsung kaliyan Prabu Sungging Prabangkara. Wayang Beber Pacitan menika kanthi lakon “Joko Kembang Kuning” menawi Wayang Beber Gunungkidul menika kanthi lakon “Remeng Mangunjaya”. Wayang Beber menika kasusun saking 6 gulungan. Saben gulungan wonten 4 pejagong. Total sadaya wonten 24 pejagong.

Wonten ing Wayang Beber Pacitan kathah *Folklor* ingkang saged dipuntaliti awit saking sujarahipun Wayang Beber Pacitan, Uborampe saking Wayang Beber Pacitan, tata urutan pagelaran saha aturan-aturan ingkang kedah dipunlampahi wonten ing Wayang Beber Pacitan. Wonten ugi lakon ing Wayang Beber ingkang saged dipuntaliti awit saking kathah pejagong ing saben gulungan. Wayang Beber Pacitan ugi benten kaliyan Wayang Beber Gunungkidul,



menawi Wayang Beber Gunungkidul anggenipu gelar wayang dalang manggen wonten ngajengipun wayang menawi Wayang Beber Pacitan wonten ing wingkingipun Wayang Beber. Wayang Beber menika ugi gadhah kesakralan inggih menika kedah dipuncepeng kaliyan putra wayah ingkang sampun dipunamanahi. Wayang Beber ugi dados pusaka ingkang wingit saha dumugi sak menika dereng wonten ingkang saged damel *duplikat* Wayang Beber Pacitan 100% sami rupinipun.

Wonten ing panaliten menika badhe ngrembag bab <sup>3</sup> *Folklor Non Lisan tradisi* Wayang Beber wonten ing Dusun Karangtalun, Desa Gedopol, Kecamatan Donorojo Kabupaten Pacitan. Paniliti fokus ngawontenaken panaliten wonten ing sujarah Wayang Beber Pacitan, Uborampe wonten ing pagelaran Wayang Beber Pacitan, saha *Folklor* ingkang ngrembaka wonten ing Wayang Beber ingkang taksih dipungujengi kaliyan trah keturunan ingkang rumeksa Wayang Beber Pacitan. *Tradisi* menika badhe dipuntaliti supados hasil saking panaliten menika saged dipunngginakaken kange nglestantunaken *tradisi* Wayang Beber Pacitan saha dados referensi kange panaliti wonten ing panaliten salajengipun saha maringi kiprah wonten ing

*disiplin ilmu ingkang linear.*

Panaliten menika gayutan kaliyan *Folklor* awit saking panaliten menika badhe naliti bab *tradisi* Wayang Beber Pacitan, *tradisi* menika saged *lumebet* wonten perangan *Folklor* amargi menika dipunlestantunakan lesan mawi lesan, nilai-nilai Jawi pinunjul wonten ing saklabeting *Folklor*, pangripta *Folklor* mboten **dipunmangertosi sinten**, kapan, saha saking pundi asalipun, gadhah patokan ingkang saget ewah, gadhah paedah kangge panyengkuyung Budaya Jawi saha nilai-nilai Jawi pinunjul wonten ing salabeting *Folklor*. Awit saking Wayang Beber menika dados pusakaning tlatah Jawa saha ngemu nilai-nilai ingkang pinunjul

wonten ing tlatah Jawa. Kathah makna *simbolik* ingkang kakandhut wonten ing salebeting Lakon Wayang Beber, Uborampe Wayang Beber, saha *Folklor* ingkang ngrembaka wonten ing Wayang Beber

Ancas sanesipun inggih menika *Folklor* dados kagungan sesarengan saha tanggal jawab sesarengan saengga nglestantunaken *tradisi* ingkang wiwit *punah* menika ugi dados tanggalanipun sesarengan sanes tanggalan tiyang setunggal wonten ing lingkungan *tradisi* menika

kawontenan.

Miturut KBBI *Tradisi* menika saged dipunandharaken satunggal adat istiadat utawi *pakulinan* ingkang sampun gethok tular dipunwarisaken wonten ing *generasi-generasi* salajengipun, saged ugi tegesipun dados tata cara utawi *hukum* ingkang mboten kaserat saha menika dipunpitadosaken gadhah makna saha nilai ingkang sae saha leres.

*Tradisi* saged awujud warisan *norma-norma, kaidah-kaidah* saha pakulinan. *Tradisi* sanes hal ingkang saklek saha mboten saged dipunewahi, *tradisi* menika saged dipunewahi saha lumebur wonten ing sadaya pendamelan saha *ragam aktivitas* manungsa ugi saget dipunjumbuhaken sadaya dados *tradisi* ingkang enggal. Amargi *tradisi* ingkang asipat *fleksible* menika, manungsa saget milah badhe nambahi, ngirangi, nglestantunaken menapa ngicalaken *tradisi* menika bilih dipunraosaken sampun mboten jumbuh kaliyan paugeran ing pagesangan (Van Reusen, 1992).

Panaliten menika kalebet ing perangan *tradisi* awit Wayang Beber Pacitan taksih lestantun saha taksih dipungelar kangge acara ruwatan utawi hajat ageng. Kajawi

menika dumugi ing kawontenan sak menika wayang beber namung saged dipunasta saha dipunreksa kaliyan putra wayahipun saking ki Nalanderma kemawon.

Wonten ing panaliten menika irah irahanipun “*Folklor Non Lisan Tradisi Wayang Beber* <sup>3</sup> *Dusun*

*Karangtalun, Desa Gedopol, Kecamatan Donorojo, Kabupaten Pacitan*”. *Tradisi* pagelaran Wayang Beber menika taksih lestantun wonten ing <sup>3</sup> *Dusun Karangtalun, Desa Gedopol, Kecamatan Donorojo, Kabupaten Pacitan*.

Miturut Mertosudono ing (Maharsi, 2018) pangertosan wayang menika saking tembung “wod” saha “yang” ingkang tegesipun obah-obah ingkang dipunambali saha mboten tamtu obahipun. Saengga wayang saged ugi dipun wastani ayang-ayang ingkang obah kanthi pinten-pinten ambalan utawi molak malik mboten ajeg.

Wontenipun panaliten menika salah satunggaling ancasipun kangge nglestantunaken *tradisi* supados mboten ical saha mboten dipuntilaraken kaliyan pandemenipun. Wonten ing panaliten menika *fokus* ngrembag bab sujarah, uborampe, lakon, saha *Folklor* ingkang ngrembaka wonten ing Wayang Beber Pacitan.

## 2. Folklor

Miturut *Etimologi* “*Folklor*” menika wujud Basa Indonesia sakingtembung Basa Inggris *Folklore*. Tembung *Folklore* menika kasusun <sup>1</sup> *saking kalih tembung inggih menika* saking tembung *folk* kalih tembung *lore*. *Folk* menika setunggal *kelompok* manungsa *ingkang gadhah* satunggal pepadhan wonten ing *ciri-ciri fisik*, kabudayan saha lingkup *sosial* ingkang sami saha gadhah pangerten dados satunggal *masyarakat* ingkang wetah (Endraswara, 2010: 58).

Miturut Dundes *Folk* menika tegesipun tiyang utawi *masyarakat* ingkang gadhah *ciri-ciri* pitepangan fisik, *sosial* saha budaya ingkang khusus kaliyan kelompok *masyarakat* sanesipun. Wonten ing prakawis menika piyambakipunsadar kaliyan *identitas kelompokipun*. *Lore* menika pakulinan ingkang dipuntindakaken kaliyan *folk* saha dipunwarisaken turun tamurun lesan mawilesan utawi mawi *isyarat* saha *alat* biyantu pangenget saengga dados kabudayan utawi *tradisi* (Danandjaja, 1986: 53).

*Folk* menika tegesipun “sekelompok tiyang ingkang gadhah pitepangan *fisik* utawi kabudayan ingkang khusus saengga saget dipunbentenaken kaliyan *kelompok*

sanepipun". Lajeng lore menika saget dipuntegesi "pakulinan <sup>1</sup> utawikabudayan". Saengga saged dipunpendhet dudutanipun bilih *Folklor* menika kathah sanget maneka wernanipun <sup>1</sup> (Danandjaja, 1986: 1-2).

Folklor menika dipunserap saking tembung basa inggris folklore. Asalipun saking tembung "folk" kaliyan "lore". Folk inggih menika setunggal kelompok tiyang ingkang gadhah ciri khusus saget arupi warna kulit, wujuding rambut, basa ingkang sami, budaya ingkang sami, utawa agami saha kapitayan ingkang sami. Ingkang dados kawigatosan inggih menika piyambakipun gadhah tradisi ingkang sampun sami dipunlestantunaken saha dipunwarisaken mawi turun tamurun saking generasi dumugi generasi salajengipun saha piyambakipun gadhah kasadaran wonten ing identitasipun. (Dundes, 1968).

Miturut Brunvand lumantar (Danandjaja, 1986: 21) <sup>1</sup> folklor menika kaperang dados 3 perangan inggih menika mentifact (folklor lesan), *sociofact* (sepalih lesan), saha *mentifact* (folklore non lisan). Folklor lesan menika narik kawigatosanipun panaliti Folklor lisan kados cariyos-cariyos ingkang ngrembaka wonten ing rakyat, menawi Folklor sepalih lesan menika tuladhanipun kadosta kapitayan rakyat,



kapitadosan rakyat, tradisi ritual rakyat, adat istiadat saha pagelaran rakyat. Lajeng menawi folklor non lisan menika tuladhanipun arsitektur rakyat, jamu jamuan, tayub, lan sak panunggaling.

1 Endraswara (2010: 3) ngandharaken bilih Folklor menika budaya ingkang wujudipun dipunwarisaken turun-temurun mawi lesan (oral). Folklor Jawa menika katah wujudipun, sadaya menika gadhah karakteristik piyambak-piyambak, awit saking menika Folklor gadhah titikan.

Titikan menika miturut Danandjaja lumantar (Endraswara, 2006: 59) inggih menika:

- 1) Dipunwartakaken mawi lesan. Tegesipun folklor menika saget dipunwartakaken mawi gethok tular saking lesan wonten lesan, saking setunggal tiyang dhateng tiyang sanesipun.
- 2) Nilai nilai jawi pinunjul wonten ing salabeting folklor.
- 3) Gadhah ciri khas utawi karakteristik tegesipun wilayah setunggal kalih wilayah sanesipun benten. Ingkang dadosaken variasi utawi karakteristik wonten saben-saben wilayah menika amargi gumantung ragamipun basa saha kemajengan wilayah.
- 4) Pangripta Folklor mboten dipunmangertosi sinten,

kapan, saha saking pundi asalipun. Awit folklor menika saget ugi saking pakulinan ingkang dipunlestantunaken saha dipundadosaken tradisi turun-tamurun. Ananging wonten folklor jawi wonten ugi folklor ingkang sampun dipundamel buku satemah kangge tiyang ingkang kirang mangertosi saged gadhah pamanggih bilih Folklor menika dipunkempalaken dening pangripta.

- 5) Gadhah patokan ingkang saget ewah menapa mboten ewah miturut pamigunanipun.
- 6) Gadhah paedah kangge panyengkuyung budaya jawi.

Tegesipun wonten ing saben folklor menika sak kirang-kirangipun tetep gadhah mupangat kangge panyengkuyungipun budaya jawi. Panyengkuyung saha mupangatipun folklor menika ugi saget ewah kirang langkungipun miturut ewah gingsiring jaman.

- 7) Sipatipun pralogis, wonten prakawis ingkang mboten nalar wonten ing folklor menika gumantung penggalihipun masyarakat ingkang ngrembaka wonten penggalihipiun masyarakat menika kathahipun unsur kapitadosan. Folklor dados gegaduhan sesarengan saha tanggel jawab sesarengan. Folklor menika kanthi langsung menapa mboten sampun dados tanggel

sesarangen, masyarakat ugi sampun gadhah rumaos bilih kedah nglestantunaken folklor saha supados ngrembaka.

- 8) Gadhah sipat polos aha spontan. Kadang kala folklor menika awujud saking guyunan, dolanan menapa ugi mboten sengaja kadadeyan.

Wonten ing panaliten tradisi Wayang Beber Pacitan menika saged lumebet wonten ing perangan folklor non lisan, amargi objek panaliten menika senes awujud lesan ananging gadhah produk ingkang cetha saget dipuntingali saha saged dipuncepeng awujud Wayang Beber.

Miturut Bruvand *lumantar Endraswara* (2010: 7-8) <sup>1</sup> folklor menika kaperang dados 3 perangan inggih menika *Folklor lisan, Folklor adat istiadat, saha Folklor material.*

*Folkor lisan* inggih menika *Folklor* ingkang wujudipun murni lesan, wujudipun *Folklor lisan* menika *ujaran rakyat (folk speech)*, tuladhanipun *dialek, julukan, cariyos rakyat, ungkapan rakyat, mite, legenda rakyat, nyanyian rakyat* saha sapanunggalanipun.

*Folklor adat istiadat* menika *Folklor* ingkang awujud campuran saking *unsur lisan* saha *unsur mboten lisan*. *Tuladhanipun kapitadosan rakyat*, upacara *tradisi, adat*



istiadat, *pesta rakyat*, dolanan *rakyat*.

*Folklor material* inggih menika *Folklor* ingkang sanes lesan, *Folklor* menika tuladhanipun *seni kriya*, *arsitektur*, jamu jamu, *dhaharan* saha sapanunggalanipun.

Jauhari (2018: 112-123) ngandharaken bilih *Folklor Non Lisan* kaperang dados 2 perangan nggih meniko foklor materiil dan non metariil.

***Folklor materiil***, foklor engkang berhubungan kalih benda-benda yang berwujud:

### **1) *Arsitektur rakyat***

Ingkang dipunwastani *arsitektur rakyat* menika maneka warna wujuding *bangunan* saben daerah. Benten daerah menika benten budaya saha Wujudipun bangunan. Saben-saben *bangunan tradisional* menika gadhah nilai *filosofis, spiritual*, saha *tradisi*.

### **2) *Seni kerajinan tangan.***

Sumber daya alam saben-saben daerah benten saha gadhah ciri khas piyambak-piyambak. Saben sumber daya menika dipunolah saengga kathah *kerajinan* saking maneka warna wujud saha mupangatipun. *Kerajinan* ingkang saged dados *Folklor* menika *kerajinan tangan* saking leluhur saha dados ciri khas papan panggenan menika. *Kerajinan tangan*



menika saged awujud ukiran, pahatan, anyaman.

### 3) **Ageman saha perhiasan.**

Saben daerah wonten ing nusantara gadhah ageman *tradisional* ingkang dados ciri khas daerah menika. Ageman *tradisional* saben daerah ingkang meneka warna wujud saha rupinipun saged dados *Folklor* amargi ngemu nilai *filosofis*, *tradisi* saha *sakralitas* ingkang ageng.

### 4) **Dhaharan saha unjukan *tradisional*.**

Maneka waqrna jinising dhaharan saha unjukan saben daerah gumantung saking bahan dhasar ingkang wonten ing saben daerah. Dhaharan ugi unjukan *tradisional* menika saged dados *Folklor* amargi dados ciri khas saben daerah saha gadhah nilai *filosofis* saha *tradisi*.

### 5) **Jamu-jamuan *tradisional*.**

Sami kaliyan dhaharan saha unjukan *tradisional*. jamu-jamuan *tradisional* resep saking leluhur menika saged dados *Folklor* awit saking ragam maneka warni saha dados tinggalan saking para leluhur ingkang kedah dipunlestantunaken. Jamu-jamuan menika saged lumebet *Folklor* amargi ngemu nilai *tradisi* ingkang wigati. Wonten wekdal kapengker para tabib wonten ing *proses* pangobatan saged ngginakaken mantra-mantra utawi racikan saking



empon-empon saha bahan alami ingkang sampun samekta wonten ing *alam*.

### **Folklor immateriil**

- 1) Basa *isyarat*.
- 2) Laras gending saha tembang.
- 3) Wonten unsur *humor* saha wejangan.

Saking andharan meniko saged dipunpendhet dudutan bilih *tradisi* Wayang Beber Pacitan menika gadhah gayutan kalih salah satunggaling titikanipun *Folklor* inggih menika antawisipun dipunwartaaken mawi lesan, nilai-nilai jawi pinunjul wonten ing salebetung *Folklor*, gadhah pathokan ingkang saget ewah menapa mboten, gadhah paedah damel panyengkuyung budaya jawi saha mumpangati 1 kangge gesang salajengipun, saha dados gegaduhan sesarengan saha tanggeljawab sesarengan ingkang kedah dipunlestantunaken saha sampun ngantos mati.

Panaliten ingkang gayutan kaliyan panaliten *Folklor*

3  
*Non Lisan Tradisi Wayang Beber Dusun Karangtalun, Desa Gedopol, Kecamatan Donorojo, Kabupaten Pacitan* inggih menika panaliten ingkang sampun dipuntindaaken dening Warto. Kanthi irah-irahan “Wayang Beber Pacitan: Fungsi,



*Makna, dan Usaha Revitalisasi".* Panaliten menika gadhah ancas kangge upaya nguri-nguri saha nglestantunaken *Tradisi Wayang Beber Pacitan supados mboten pudar saha ical.* Wonten ing panaliten menika ngandharaken bab *sujarah Wayang Beber Pacitan*, fungsi saha makna Wayang Beber Pacitan, usaha revitalisasi Wayang Beber saha alanganipun, saha *Sinergi* antawis Wayang Beber saha *pariwisata*. Gayutipun panaliten menika kaliyan panaliten *Folklor Non Lisan Tradisi Wayang Beber* <sup>3</sup> *Dusun Karangtalun, Desa Gedopol, Kecamatan Donorojo, Kabupaten Pacitan*, menika **salah** satunggaling wujud nglestantunaken *tradisi Wayang Beber Pacitan*.

Wayang Beber Pacitan saged dipunwastani *Folklor Non Lisan*. Bab menika saged dipuntingali saking lakon ingkang wonten ing Wayang Beber Pacitan "Jaka Kembang Kuning", wujud  *fisik* saking lukisan Wayang Beber ingkang kathah ngewrat piwulang, *makna simbolik*, saha sadaya reroncening upacara adat ingkang ngiringi pagelaran Wayang Beber, saha tata cara ingkang kedhah dipunlampahi minangka ngreksa Wayang Beber ingkang sampun dipunanggep pusaka menika. Sadaya jinis wayang Jawa saged dipunlebetaken wonten ing perangan cariyos rakyat utawi *Folklor* (Danandjaya, 1986)



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

### 3. Tradisi

*Tradisi* wonten ing Kamus Besar Bahasa Indonesia tegesipun sadaya adat istiadat utawi pakulinan ingkang dipunwarisaken turun-tamurun utawi aturan ingkang dipunlampahi kaliyan *masyarakat*.

*Tradisi* wonten Kamus Besar Bahasa Indonesia ugi dipungayutaken kaliyan tembung “Budaya” amargi kalihipun jumbuh minangka asilipun karya. *Tradisi* inggih menika asilipun *karya masyarakat* wondene budaya ugi asilipun *karya masyarakat*. Kekalihipun sami paring pangaruh setunggal saha sanesipun. Kalih tembung menika *personifikasi* saking *hukum* ingkang mboten kaserat, saha *hukum* ingkang asipat mboten kaserat menika dipunlampahi kangge *norma* ingkang kalampahan wonten ing *masyarakat* saha *hukum* menika dados pathokan leres saha lepatipun tindak tanduk.

Miturut Zahara Adibah I. (2015: 146-147) *tradisi* saha *identitas* menika gadhah gayutan kaliyan setunggal kelompok *masyarakat*. *Tradisi* menika awujud ing amalan utawi nilai ingkang turun tamurun sampun dipunwarisaken

kanthi dipunmalaken utawi dipunlampahaken wonten ing *masyarakat*. *Tradisi* wonten ing setunggal kelompok *masyarakat* menika gadhah *karakteristik* piyambak-piyambak miturut kaliyan kahanan wonten ing *lingkungan* menika. Saben-saben *tradisi* menika ngandharaken *identitas* setunggal *masyarakat* kabentuk saking *proses kontruksi sosial* saha pengalaman panca indera saha pangaruh alam

Tradisi menurut pengertian, sajroning karya (Nur Aryani, 2003), judhul "Oposisi Pasca Tradisi," iku sawijining wujud sosial lan produk saka rapat sosial politik sing keberadaane kalebu marang manungsa. Utawa bisa diwenehake uga yen tradisi iku kabudayaan kang diwarisi saka dhewe-dhewe, sing uga ngadi punika ing proses interaksi antar klan kang satu marang klan kang liyan, sing nglakoni tradisi-tradisi sing dadi biasane ing klan banjur nyekelake nalika endi temenan marang klan kang liyan dadi satu tradisi sing nggabung marang tradisi kang liyan.

Muh Nur Hakim, Hasan Hanafi nyeratokaké yen kabudayan kabèh yaiku warisan saka padha marang, ana ing saiki lan kandham ing budaya. Saka sisi teknisé, babagan tradisi nyeratokaké konotasi sing sumelakoné ana kaputusan antara padha marang lan saiki. Iki munggahake mrene sing

wis diterusakaké ing padha marang lan saiki duwé fungsi minangka sawijining bentuk. Tradisi wis nyeratokaké carané wargané bèripikir dhaéwé ing gethuk giné wong saèké utawa ing urip okultisme lan agama (Nur Hakim, 2003).

Tradisi yaiku aturan lan prilaku sing diwariskan saka turun temurun (Surono, 1995). Edward Shils ing tulisane sing judhul "Tradisi" nyatetake yen tradisi yaiku apa sing diwariske saka waktu biyen, sampe saiki kaanggo (Shils, 1981). Contoh salah siji tradisi Bara'an nggih punika salah siji saka tradisi kang ana ing Kabupaten Bengkalis. Bara'an diselenggarakan sesuk sholat Idul Fitri rampung. Sadurunge kabehé, ing malam takbiran, para tokoh masyarakat lan pengurus masjid nindakaké kunjungan perdana. Iki dilaksanakaké supaya ora ana rasa iri di antara kabeh anggota masyarakat (Cahyati Fitria, Almaffaza M., 2023).

Wonten ing panaliten menika *tradisi* pagelaran Wayang Beber Pacitan menika dipunlampahi kanthi turun tamurun saha mboten ngrembaka bilih mboten dipunlestantunaken saha dipuntepangaken kaliyan kawula enim, saengga wonten ing panaliten menika badhe ngandharaken bab sujarahipun *tradisi*.



## 4. Asal Usul Dusun Karangtalun Gedompol, Pacitan

Ing jaman lawas iki, kono karangtalun iku asale tegalan. Sawise dirojosaken kanggo dipunake/pekarangan, inggih punika njaba karangtalun iki nggih saking aksara Karang kang artine Pekarangan lan Talun kang artine ladang/tegalan. Karangtalun artine ladang/tegalan kang dirojosaken menyang pekarangan. Alangkah rasa sedih marang kita ora bisa ngrungokno sumber/babat sing nyebutake tahun kapan karangtalun iki ana. Ing bab kaca iki ana ringkasan cerita-cerita saka para sesepuh dusun.

Dikisahkan Kaki mpon/Ki Poyono iku warga saka Dusun Poro Desa Tlogosari sing nglakoni pemukiman iki. Tegalan karangtalun iki milik Ki Poyono, Dataran sing diusik dening beliau mliputi wilayah karangtalun saiki. Ing pas seko bumi kala, hasil pertanian saka tegalan Ki Poyono, uga apik. Ananging sayang durung bisa neluk saka serangan hewan buas ing tengah lorone. Munggah wong ngalap kono, luwih utawa nginap ing tegalan, tumrap sakehe urip tanaman iki.



Istri kawula banjur ngiringi malih sajroning waktu malih. Ing sajroning bengi pula, dipunaturake planggiran sing asale ceblok/pasak kayu.

Amarga suwene sering banget nginap ing tegalan, dene melu Ki Poyono milih babat tinggal ing tegalane. Beliau meneh nglebur rumah. Rumah anyar kang diwenehake dening beliau ana ing sisih wetan saka tempat nginap dulu. Mulane, saben cepet disusul turunane banjur ngegawa rumah-rumah banjur ing sajroning sisih.

Wong wengi banjur tundha wengi kono karangtalun iki ana rambutan kayu gedhe 4. Pohon-pohon iki asale *ceblok/pasak* kang dijenengi planggiran ki Poyono. Tumrap kono dikepung tegalan bambu kang gedhe kemenyan. Rame ing dumateng kono, ana burung wong kedhere, antarane burung hantu, gagak, dares lan kathah kicauan liyane. Petilasan iki banjur dijenengi "kakimpon" menawi pohon-pohon gedhe iki disebut Kayu Punakawan. Apa pohon-pohon iki?

1. Pohon unut bentuk batang lan gumbilene paling gede, dauné gungung banget, ananging asring unggul luwih abritan banget banget kathah kicauan liyane disebut kayu Semar.



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

2. Pohon Gadok batangé gede lan gungung luwih tinembung saka kayu unut getahé ana pahit banget, sering digunakake kanggo maca kudis binatang sing kena disebut kayu Bagong.
3. Pohon Pule iki disebut kayu gareng amarga ana tangane sing mirip tangan gareng.
4. Pohon keempat iki durung ana keterangan sing jelas, sing kalebu dhawuh kayu apa. Warga duwe carane nganggep iku Kayu Karangtalun, lan sadurunge ing daerah kene, kita duwe ora nemokake kayu maca iki. Pohon keempat iki paling tinggi lan disebut kayu petruk. Ing taun 2005 resan / danyangan iki digawe, sabanjure kono diangkut gedung SMPN 4 Satu Atap Donorojo.

## 5. Wayang Beber

### 5.1. Arti Wayang Beber

Wayang Beber punika bakunipun gambar wayang ingkang dipun pitontonaken sarana dipun caritakaken dening Dalang. Menggah cariosing lampahan miturut punapa wontenipun gambar, manawi gambaripun wayang purwa, inggih carios purwa, manawi gembaripun wayang Gedog, inggih carios Panji (SAYID, 1980).

Sarehning Wayang Beber punika wujud gambar 'ingkang dipun caritakaken dfning Dalang, pramila ugi kneging dipun anggit malih, inggih punika kawujudaken gambar dongeng-dongeng ingkang cocog kangge lare, lajeng dipun cariosaken dining gurunipun. Panika kados-kados prayogi tumrap dating pendidikan (SAYID, 1980).

7

Wayang Beber punika sambar wayang ingkang kacorek wonten ing Alancang. Gambar wau saben sa-jejeran utawi saadegan dipun singget mawi gambar wit-witan minangka kangge watesing gambar. Menggah katah sakedikipun gambar miturut penjang celaking lampahan. Manasi lampahan war panjang, kantah wedaling wayang,

gambaripun inggih ngantos pinten-pinten adegan (SAYID, 1980).

Ing sakawit gambar wau namung kapulas cemengan kemawon, Gados nama kelengan, sabab dereng wonten pulas cat ingkang warni-warni kados ing jaman sapunika. Boten beda kaliyan gambar foto, kala rumiyin namung cemeng-petak, sapunika sampun santun foto berwarna. Wayang Beber sareng sampun dumugi jaman Majapahit saweg dipun sungging mawi pulas warni-warni, kacampur kaliyan ancur supados saged raket manjing wonten ing dlancang (SAYID, 1980) .

Nalika samanten panggambaripun Wayang Beber namung mendet sapejagong-sapejagong kemawon, lajeng dipun gulung. Seben sagulung dipun sukani kajeng minangka dados garan kangge nancebaken wonten ing gadebog utawi wonten ing kajeng ingkang sampun kabolong (SAYID, 1980).

Dene kotakipun Wayang Beber punika arupi peti alit, panjangipun kirang langkung 1,20 m, wiyaripun antawis 25 cm. Ing kiwa tengen mawi kupingan kajeng ingkang sampun dipun sukani bolongan. Punika pirantos kangge nancebaken garaning gambar punika wau, lajeng Saged

ngadeg kenging dipuntingali umum,

Wayang Beber nalika taksih kangge ing Karaton, tabuhanipun gangsa Slendro, kados gangsa dapukan wayang purwa. Sareng Wayang Beber dados tanggapan, kangge tanggapan wonten ing padusunan, gamelanipun namung mendet sawontenipun kadosta:. rebab,, kendang, ketuk, kenong tuwin gong. Gendingipun namung lagon satunggal. Sawengah wonten ingkang tanpa gamelan, namung dipun isi sendon tetembangan kemawon. Manawi makaten punika pun Dalang kedah baud lan sugih lagu tetembangan.

Wayang Beber punika anggenipun mitontonaken kajareng, dipun gelar katancebaken.Dalangipun wonten wingking gambar, dados boten katingal, kaling-kalingan gambar, Manawi Dalang bade wiwit, ngucapaken mantram, swaranipun sora. Pikajengipun kangge nyirep swantening penonton, suka tanda manawi sampun wiwit. Nuli gumrenggeng, suwantenipun ajeg, sinarengan dedupa kumelun.

Salajengipun piyambakipun nyaritakaken tuwin angginemaken gambaring wayang dalah caritanipun. Sontansantun miturut kawontenaning gambar ingkang dipun pitontonaken.Pundi wayang ingkang gineman, gambaripun



kadumuk. “Makaten punika wau dangunipun ngantos kirang langkung tigang jam.

Wayang Beber. punika limrahipun namung kangge pakaulan. Dalang Wayang Beber ingkang sampun namanipun Ki Posetiko, ingkang sapunika taksih namanipun Bapak Sarnen. (SAYID, 1980).

Wayang Beber wonten ing nusantara menika wonten 2 Wayang Beber ingkang sampun dados pusaka awit saking kasakralan saha yuswanipun ingkang sampun atusan warsa. Miturut Mertosudono lumantar Maharsi (2018: 2) pangertosan wayang wonten ing Jawa Kuna inggih menika saking tembung “wod” saha “yang” ingkang tegesipun obah-obah ingkang dipunambali saha mboten tamtu obahipun. Saengga wayang saged ugi dipunwastani ayang-ayang ingkang obah kanthi pinten-pinten ambalan utawi molak malik mboten ajeg.

Wayang miturut Dr. G. A. J Hszeu lumantar Maharsi (2018: 2) wonten ing panaliten disertasinipun ing Leide warsa 1897 kanthi irah-irahan “*Bydrage tot de kennis van het Javaansche Toonel*” ngandharaken bilih wayang ing basa Jawa ingkang tegesipun “bayangan”. Asal usuling saking tembung wayang inggih menika “yang” ingkang tegesipun

mboten tenang, mboten *stabil*, mboten pesti, mabur, saha ewah\ molah malih. Wonten ing sujarah wayang, wayang kawiwitan muncul wonten ing zaman Neolitikum antawis warsa 200 SM dumugi warsa 1045 SM. Wayang wonten ing mangsa menika dipunngginakaken kangge media panyembah marang roh leluhur utawi “Hyang” ingkang langkung ngrembakadados pagelaran ayang-ayang saking roh leluhur. Upacara tradisi menika kangge ngundang saha *mediasi* kaliyan arwah roh leluhur Maharsi (2018: 2).

Wonten ing rerengganing wayang miturut andharanipun Ra’uf lumantar Maharsi (2018: 2) wonten ing serat centhini dipunandharaken bilih wayang kawiwitan dipunripta wonten ing abad 10 kaliyan Raja Jayabaya saking kraton Mamenang Kediri. Ing rikala semanten Raja Jayabaya ngupaya ngripta gambar roh leluhuripun saha dipungores wonten ing lontar. Salajengipun wonten ing rerengganing wayang wiwit ewah miturut rerengganing zaman ananging *fungsipun* taksih sami inggih menika minangka *kegiatan* ingkang gayutan kaliyan kapitayan.

Miturut R.M Oetojodan Serrurier, Wayang Beber menika wujud asli saking wayang (Mertosoedono, 1993). Wayang menika dipunwastani Wayang Beber amargi



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

dipungelar sanes tiyang ananging gambar-gambar ingkang dipunbeber saha dipungelar (Mertosoedono, 1993). Wayang Beber menika dipundamel saking kertas Jawa utawi kertas daluang. Khususipun Wayang Beber Gunung Kidul saha Wayang Beber Pacitan dipundamel saking Kertas Daluang Tegalsari. Wayang Beber menika mboten bektahaken kelir sarta lampu kangge pagelaranipun. Wekdal pagelaran Wayang Beber wonten ing wayah awan kanthi cara dipunbeber ing ngajenge pamirsa (Sayid, 1981: 151).

Sumber cariyos saking Wayang Beber menika saking lakon Ramayana sa ha Mahabarata (Wayang Beber purwa) ingkang dipunlukis wonten ing kain ingkang saged dipunbikak saha dipunbeber, lajeng dhalang menika nyariyosaken pejagong saking saben gulungan mawi dibeber kanthi iringan gamelan (Soemarno, 1987: 58). Tembung “Beber” ngrujuk wonten ing caranipun presentasi wayang marang panonton inggih menika dipunbeber amargi bahan dhasaripun ngginakaken gulungan kertas (Ahmadi, 2020). Miturut Tri Hartanto Kertas ingkang dipunngginakaken kangge media Wayang Beber inggih menika kertas Jawa utawi saged dipunwastani kertas daluang. Panyebatan kertas menika kathah antawisipun: kertas gedog (amargi caranipun

damel dipuntumbuk), kertas ponorogo (amargi papan produksi ingkang paling ageng wonten ing ponorogo) saha kertas Jawa.

Hunter lumantar Permadi T (2004: 2-3) ngandharaken bilih istilah “*Tapa*” menika dipungantos kaliyan “*Kapa*”, istilah menika gadhah makna “Ingkang dipuntumbuk”, dipunmangertosi ugi bilih kajeng ingkang paling sae dipundamel *kapa* menika kajeng *pepermulberry*. Panyebatan istilah menika gayutan kaliyan *teknik* pendamelanipun *kapa* inggih menika dipuntumbuk, kajeng dipunkuliti lajeng dipuntumbuk, *Teknik* menika dados dhasaring *Teknik* pendamelan kertas daluang wonten ing nusantara.

Wayang Beber menika dipungelar kanthi runtutan kawiwitan saking gulungan ingkang purwaka dipunbeber minangka jagong anyar. Kajeng kangge cekelan dipuntancepkaken wonten ing debog utawi kajeng ingkang sampun dipunbolongi. Dhalang posisi wonten ing sakwingkingipun wayang saengga mboten ketingal saking pamirsa. Salajengipun dhalang maos mantra utawi saged dipunwastani “Jawab” sak derengipun miwiti cariyos. Dhalang maos Jawab menika sesarengan kaliyan bakar dupo utawi kemenyan ingkang wonten ing sakiwa tengening kotak

Wayang Beber. Pagelaran Wayang Beber menika dangunipun antawis 3 jam. Pagelaran Wayang Beber menika ngginakaken gamelan arupi gendang, rebab, ketuk, kempyang, saha gong laras slendro. Biasanipun Wayang Beber menika dipun gelar kangege hajat utawi rumatan (Sayid, 1981: 43).

## 5.2. Sejarah Wayang Beber

Miturut sujarahipun Wayang Beber, wiwitan munculipun Wayang Beber saking jaman Kraton Padjajaran wonten ing abad 12 antawis warsa 1130. Prabu Mahesa Trandeman raja ingkang mimpin kraton wekdal menika paring dhawuh kangege ngewahni saha gedhekake gambaring wayang purwa. Gambar-gambar menika dipunlukis wonten ing kertas Jawa antawis warsa 1165 saha dipunsukani candra sengkala “Retnaning Wayang Rupa Sudran” (Mulyono, 1982: 13). Wonten ing versi wayang lintunipun, wayang menika taksih dipunwastani wayang kertas (amargi dipunlukis wonten ing kertas Jawa) antawis warsa 1244 utawi warsa 1166 kanthi candra sengkala “Hyang Gono Rupaning Jalmo” (Mulyono, 1982: 35).

Minggah wonten ing zaman salajengipun inggih

menika ing jaman Kraton Majapahit, Wayang Beber muncul malih wantawis warsa 1362 Masehi utawi 1283 Saka kanthi candra sengkalan “Gunaning Pujangga Nembah ing Dewa” wonten ing zaman kapamimpinan Prabu Bratana utawi Raden Jaka Sesuruh. *Prediksi* ingkang ngrembaka Prabu Bratana inggih menika Prabu Hayam Wuruk utawi Rajasa Negara ingkang mimpin Majapahit warsa 1350 dumugi 1389 (Mulyono, 1982: 35). Sumber asma Prabu Bratana menika saking naskah Sastromirudo ingjang ngandharaken bilih Prabu Bratana ngripta wayang purwa mawi kertas ingkang dipungulung landipunwastani Wayang Beber.

Miturut seratan sujarah, Hayam wuruk menika raja ingkang dadosaken rerengganing kraton Majapahit wonten ing *golden age* utawi wonten ing pucukkingkamulyan. Wonten ing bidang seni saha susastra ugi jumbuh kanthi cepet saha sae. Pangrembaka Wayang Beber salajengipun wonten ing mangsa kapamimpinan Prabu Brawijaya, wonten ing mangsa menika Wayang Beber ingkang wiwitan rupinipun pethak kaliyan ireng dipungantos rupinipun dados maneka werna, wujud gambaranipun ugi dipunsampurnakaken wonten ingkang prajurit, punggawa saha ratu saha sakpiturutipun. Saben pejagong dipunwatesi kaliyan gambar wit. Wayang

menika kasusun saking 10 pejagong ingkang dipunlukis wonten ing 5 gulungan, saben gulungan wonten 2 pejagong. Wayang menika dipunsukani candra sengkalan “Tanpa Sirna Gunananing Atmaja” wonten ingwarsa 1300 (Sayid, 1981: 14).

Prabu Brawijaya menika kagungan putra ingkang asmanipun Raden Sungging Prabangkara ingkang misuwur *ahli* wonten ing *seni lukis*. Miturut Naskah Sastromirudo Raden Brawijaya paring dhawuh marang putranipun Prabu Sungging Prabangkara kangge nyampurnakake Wayang Beber, sak lajengipun kaliyan raden sungging prabangkara wayang menika dipunlukis mawi cat maneka werna ingkang cocok kangge para satriya, punggawa utawi ratu saha dipunsukani candra sengkalan “Tanpa Sirna Gunaning Atmaja” utawi warsa 1300 (Pustaka Wisata Budaya, 1981:13). Sujarah Wayang Beber salajengipun wekdal Kraton Majapahit runtuh Wayang Beber menika dipunboyong wonten ing Demak (Pustaka Wisata Budaya, 1981:16).

Majapahit runtuh antawis warsa 1433/1511 M kanthi candra sengkalan “Geni murub siniram jalma” lajeng Wayang Beber menika dipunboyong wonten ing Kraton

Demak kaliyan gamelanipun dening Sultan Demak Syah Alam Akbar I. Salajengipun kangge ngicalaken unsur hindu saha unsur syirik manembah marang reca mangka wujud Wayang Beber dipungantos. Wayang menika dipunlukis kanthi miring saha dawa tanganipun ngantos sukunipun. Wayang menika dipundamel saking kulit kebo ingkang dipuntipisaken. Wayang menika ingkang dipunwastani wayang kulit. (Rauf. 2010: 36).

Rerengganing Wayang Beber salajengipun taksih wonten wayang gedhog, wayang menika dipundamel kaliyan sunan giri antawis warsa 1485 kanthi candra sengkalan “Gegamaning Naga Kinaryeng Batara” (Sayid, 1981:15). Wayang gedhog inggih menika wayang ingkang ngginakaken keris, gelang lengen, anting- anting saha pepaes sanesipun. Gamelan ingkang dipunngginakaken wonten ing wayang menika gamelan pelog, pathet lima wonten ing wiwitan lakon, pathet nem wonten ing tengah saha pathet barang wonten ing pungkasaning lakon (Mulyono, 1985: 18).

Wayang Beber narik kawigatosan malih saksampunipun muncul Wayang Beber gedhog. Wayang Beber gedhog menika pangriptanipun sunan bonang antawis warsa 1564 kanthi candra sengkalan “Wayang Watu Kinarya

Tunggal". Wayang menika ngginakaken gamelan pelog. Miturut sujarahipun antawis warsa menika sareng kaliyan mangsa kapamimpinan Kraton Pajang Sultan Hadiwiyata utawi Jaka Tingkir warsa 1546-1586 (Mulyono, 1982:302). Salajengipun wonten ing mangsa Kraton Mataram Islam ing mangsa kapamimpinan Paku Buwono II antawis warsa 1745-1749. Ing mangsa menika Wayang Beber dipunrombak *visualisasinipun*, *background* saking Wayang Beber dipunkirangi.

Wayang Beber ing mangsa kapamimpinan Paku Buwana II lokonipundados Remeng Mangunjaya. Susuhan Paku Buwana II menika paring dhawuh damel Wayang Beber lakon Remeng Mangunjaya awit saking Wayang Beber menika dados pangiring saking Wayang Beber Jaka <sup>21</sup> Kembang Kuning wonten ing Pacitan. Wayang Beber Remeng Mangunjaya menika dipundamel saking Kertas Daluang / Kertas jawa / Ponorogo. Proses pendamelan Wayang Beber Remeng Mangunjaya menika rampung ing tahun 1660 kanthi sengkalan "tanpa obah wayanging ratu" (Pustaka Wisata Budaya, 1981:22). Wayang Beber Remeng Mangunjaya menika ingkang dumugi sak menika taksih wonten dipunrumat wonten ing Gelaran Gunung Kidul.



Wonten ing inggil kalawau sujarah saking Wayang Beber ingkang taksih wonten dumugi dinten menika inggih menika Wayang Beber Pacitan saha Wayang Beber gelaran. Sanesipun ningali sujarah saking babad tanah jawi, wonten ugi seratan sujarah saking seratan asing. Dipuncariyosaken *dokumentasi* asing ingkang wiwitan menika wonten ing warsa 1416 saking Ma Huan saha Fei Xin, tiyang cina islam ingkang milangkori wonten ing Jawa. Miturut Ma Huan wonten ing buku “*Ying-Yai-Sheng-Lan*” dipunandharaken bilih Wayang Beber dipungelar kaliyan tiang ingkang dipunwastani Widhucaka ingkang tegesipun “widdhu” inggih menika tiyang ingkang dados pemayang saha “caka” inggih menika dhalang. Widhucaka menika nyepeng kajeng kangge nuduhake gambar-gambar ingkang wonten ing Wayang Beber (Mulyono, 1985:13).

Rawuhipun Ma Huan saha Fei Xin wonten ing Jawa menika dados pengiring saking Laksamana Ceng Ho ingkang sampun wonten ing Jawa awit saking warsa 1405, ananging Ma Huan saha Fei Xin menika dados pengiring wonten ing rawuhipun laksamana cengho ingkang kaping tiga ing warsa 1413 ngantos warsa 1415 (Soekmono, 1988: 76). Miturut angka warsa rawuhipun menika katitik Ma Huan saha Fei Xin

wonten ing Kraton Majapahit ing mangsa kapamimpinan Wikramawardhana, Putra Hayam wuruk (Soekmono, 1988: 73).

1

Awit saking andharan wonten ing inggil menika saged dipundhudut bilih Wayang Beber dados pusaka jawi tetirah saking leluhur ingkang sakral saha kedah dipunlestantunaken. Kasakralan saking Wayang Beber menika mboten dados pitakenan awit saking yuswanipun wayang ingkang sampun atusan warsa, saha sujarah ingkang kakandhut wonten ing sajroning Wayang Beber menika. Kathah kadadeyan ingkang mboten saged dipunalar ingkang sampun kadadeyan nalika trah leluhur nyepeng Wayang Beber menika. Ananging sampun dados tanggal Jawab sesarengan wonten ing bab nglestantunaken tradisi Wayang Beber Gelaran saha Wayang Beber Pacitan.

Miturut andharanipun Tri Hartanto minangka pewaris Wayang Beber Pacitan, Wayang Beber menika dipundamel saking Kertas Gedog Ponorogo. Wayang Beber Pacitan menika dados Wayang Beber ingkang yuswanipun paling sepuh saha sampun dados warisan budaya nasional kategori budaya tak benda wonten ing warsa 2015. Wayang Beber Pacitan menika umuripun 350 warsalangkung sepuh saking

Wayang Beber Gunung Kidul. Wayang Beber Pacitan dipunsungging dening Prabu Sungging Prabangkara minangka putra Prabu Brawijaya V. Wayang Beber Pacitan cacahipun wonten 6 gulungan ingkang kasususun saking 24 pejagong, saben gulungan kasusun saking 4 pejagong.



Gambar 1  
Silsilah Ahli Waris dan Dalang Wayang beber Tawangalun

Berdasarkan gambar 1, Tri Hartanto minangka trah keturunan dhalang ingkang kaping 16. Saha saking trah keturunan ahli waris Wayang Beber ingkang kaping 14. Wondene ingkang kagungan Wayang Beber ingkang sepisanan inggih menika Ki Nalanderma . Ki Nalanderma menika angsal pusaka Wayang Beber saking Prabu Brawijaya awit saking pangudinipun saged nambani putri

Prabu Brawijaya ingkang kenging pageblug. Miturut Tri Hartanto minangka pewaris Wayang Beber, Wayang Beber Pacitan dipungelar sepisanan nalika ruwatan miyosipun Jaka Tingkir.

Berdasarkan Gambar 1, silsilah dalang Wayang Beber inggih menika: 1) Ki Nalandermo, 2) Ki Singanonggo (Adek Ki Nalanderma), 3) Khaki Onggo, 4) Ki Trunadongsa, 5) Ki Citrawongsa, 6) Kyai Gondo, 7) Kyai Setrolesono, 8) Kyai Gondo, 9) Ki Guna Kariyo, 10) Ki Guna Rejo (Putra Ki Guna Kariya), 11) Ki Posetiko (Tukang Kendang Ki Guna Rejo), 12) Ki Guna Yasa (Putra Ki Gunareja/Adek Ki Guna Kariya), 13) Ki Sarnen (Putra Ki Posetiko), 14) Ki Mangun (Putra Ki Guna Yasa), 15) Ki Sumardi (Putra Ki Sarnen), 16) Tri Hartanto (Putra Ki Mangun).

Sujarah saking Wayang Beber Pacitan menika kathah *versi*, kathah kirang larasipun kadadosan utawi *Anakronisme* saking cariyos Wayang Beber Pacitan. Wonten ing cariyos Wayang Beber menika Prabu Brawijaya minangka pangarsaning Kraton Kediri kagungan putra ingkang paring asma Dewi Sekartaji.

Ananging muturut *historis* Indonesia Prabu Brawijaya menika ratu wonten ing Majapahit ing abad 14,



menawi Dewi Sekartaji menika putri Kraton Kediri ing abad 12. Semanten ugi wonten ing warsa pendamelan wayang menika. Miturut andharan saking narsumber Wayang Beber Pacitan Tri Hartanto Wayang Beber Pacitan dipundamel wonten ing paprintahan Prabu Brawijaya ing abad 14 ananging candra sengkalanipun benten. Candra sengkalan wonten ing Wayang Beber Pacitan wonten ing gulungan 1 pejagong 4 kanthi gambar tiyang ingkang saweg andon asmara sahanyariyosaken tiyang ingkang pados ulam murugi tiyang ingkang damel kue serabi ing peken. *Kronogram* menika dipunwaos “Gawe Srabi Jinamah Ing Wong” ingkang tegesipun warsa 1614/ 1692, wonten ing warsa menika langkung caket kaliyan jaman Mataram Islam. Ananging cariyos *kronologi* menika saged dipuntampi menawi dipunjumbuhaken kaliyan andharan saking Tri Hartanto saha *historis* wayang wonten ing Indonesia.

Miturut Tri Hartanto Wayang Beber Pacitan menika dipundamel wonten ing paprintahan Prabu Brawijaya V, Wayang Beber menika dipusungging dening Prabu Sungging Prabangkara antawis abad 14. Lajeng wonten ing warsa 1433/1511 M Kraton Majapahit bedhah kanthi candra sengkalan “Geni Murub Siniram Jalma” saha Wayang Beber

dipunboyong wonten ing Demak kaliyan Sultan Syah Alam Akbar 1. Wonten ing warsa-warsa menika Wayang Beber dipunewahi kanthi wuwuhan garis-garis wonten ing jangga saben wayang supados mboten sami kaliyan satunggaling manungsa. Menika selaras kaliyan andharan saking Tri Hartanto bilih Wayang Beber Pacitan nate manggen wonten ing Demak saha dipunwuwahi garis kaliyan Sunan Kalijaga. Bab menika ugi jumbuh kaliyan catetan ingkang ngandharaken gesangipun Sunan Kalijaga saking warsa 1450- 1513 saha minangka seksi bedhahipun Kraton Majapahit, Kasultanan Demak, Kasultnan Cirebon, saha Banten.

Menurut Dharsono (2015), wayang beber ingkang ana ing Desa Gedopol, Kecamatan Donorojo, Kabupatèn Pacitan, katampi wonten nalika Majapahit. Dharsono uga nuduhaké yèn wayang beber dipunswara nalika awal abad ke-16, nalika Majapahit sadurung pusat budaya dipindahaké menyang Demak, Jawa Tengah, nalika taun 1522 Masehi. Sareng gambar. wau kula tliti, ing ngriku pinengpih wonten tetengeripun gambar candrasengkala memet, arupi tiyang jaler anjamah tiyang Setri bakul s abi wonten “ing pasar, Punika ingkang minongka dados titimeangsa pandamelipan wayang Beber



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

punika, Ungelipun "Gawe srabi jinamahing wong". Punika candra-sengkala ngucapaken tahun 1614. Untuk tahun Masehinya  $1614 + 78 = 1692$  M. Dados Wayang Beber wau damelan jaman Kartasura kemawon, yasanipun Ingkang Sinuwun Kangjeng Susuhunan Mangkurat (SAYID, 1980).

3

Miturut Kitab Sastromirudo, wayang beber dianggitaké ing warsa 1283, karo condro sengkolo, Gunaning Bujonggo Nembah Ing Dewo (1283). Nantuk nggihaké déning Putra Prabu Bhre Wijaya, Raden Sungging Prabangkara, nalika nindakaké wayang beber.

## 6. Perjalanan Wayang Beber

### 6.1. Wayang Nalika Jamanipun Sang Prabu Sunyawisesa Jenggala

Gambar Wayang Nalika Jamanipun Sang Prabu Sunyawisesa Ing Nagari Jenggala, Jawi Wetan (4 Th. 1145). Sang prabu Suryawisesa punika miturut serat Babad tanah Jawi nalika timuripin nama Raden Panji Inukertapati (Panji Kasatrian), Sang prabu karsa nganggit wanguning gambar wayang purwa. Papanipun wonten ing ron Tal, godong Siwalan. Godong punika manawi sampun garing dipun wastani kropak. Nalika jaman samanten dereng wonten tiyang Jawi ingkang saged damel dlancang, pramila anyoreking gambar inggih wonten ing papan ron Tal. Panggambaripun wau dipun jujud Gedegipun, mirit gambar ingkang sampun wonten. Para kadang kadayan sami tumut ngrencangi nggarap gambar. punika wau, saben sang prabu miyos siniwaka, gambar wayang ingkang dados corekan punika wau kaladosaken, sami winadhahan ing kondhaga (kotak). Sang prabu lajeng nganggit pakem lampahanipun

wayang purwa, sarta nganggit sulukanipun ngangge tembang Kawi miturut lagu pateting pangsa Slendro. (SAYID, 1980)

Inegih punika wiwitipun wayang purwa katabuhan nawi gangsa Slendro. Saben nuju dinten pasamuan, gambar wayang wau dipun, beberaken. Sang prabu ingkang ngasta andalang, para kadang .kadeyan ingkang nabuh gengsanipun. Punika miturut serat Sastra Hiruda. : .

Saking pamanggih kula, wujudipun gambar wayang ingkang semi kagambar ing ron Tal punika tamtu alit sanget, sabab godong Tal punika wiyaripun nemung antawisipun 3 cm. Sabab kula sampun kerep nyumerepi gambar sarta tulisan ingkang wonten ing kropak punika alit-alit. Godongipun sami dipun renteng, kaurutaken angka nomeripun. Dados manawi gambar wayahg-punika dipun pitontonaken, utawi kabeberaken saking pamanggih kula mbokmanawi namung kados tiyang crita kaliyan ningali gambar potret ingkang sami kapasang wonten ing album, Manawi sampun jangkep anggenipun ndongengaken, gambar wau lajerg dipun pendet, kalolos satunggal-satunggal, lajeng dipun ubengaken dateng para tetiyang ingkang sami ningali, supados sami mengertosa dateng wujuding gambar ing kang mentas dipun cariosaken punika wau. (SAYID, 1980)



Beda kaliyan manawi gambar wau dipun pindah papan dating wacucaling kewan kulit malsa punapa lembu punika lajengdados ageng. Manawi gambar wau saged katatah plong, wujudipun lajeng kados wayang gunungan utawi wayang prampogan. Ugi mehkados wayang Siam utawi wayang India. Dados katingal ceta, saged dipun tingali saking sawatawis tebih. Manawi gambar wau lajeng dipun sukani garan minangka kangge cepengan, saged dipun tungebaken wonten ing kajeng ingkang sampun dipun sukani bolongan rinaka kados wanguning gawangan, utawi wonten gedebog (SAYID, 1980).

Mbok bilih saking panginten kula nalika rumiyin inggih kadamel saking wacucal, kadamel ukuran pesagi kados wayang prampogan, lajeng kacorek gambar wayang kanti dipun tatah plong kados salimrahing wayang sapunika. Saben sak adegan dipun potong utawi dipun ketok ngantos pinten-pinten adegan miturut panjang celaking lampahanipun. Lajeng dipun tumpuk, kaurutaken angka nomeripun, wiwit jejeran sapisan ngantos dumugi satelasipun lampahaning cariosipun wayang (SAYID, 1980)

Pulas dasaripun petak, ingkang kadamel mawi gerusan balung ingkang kacampuran ancur, salajengipun



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

dipun ulat-ulati pulas cemeng. Sasampunipun rampung, gambar-gambar wau Sami kawadahan kandhaga ingkanc dipun ukir-ukir. Manawi bade dipun pitontonaken, gambar wau lajeng dipun beber. Saben sa-beber dipun caritakaken miturut punapa wontenipun gambar ingkang dipun beberaken upnika. Pramila lajeng katelah dados karan Wayang Beber, sabab anggenipun mitontonaken sarana dipun beber (SAYID, 1980).

Nalika samanten cariosipun Wayang Beber namung lampahan jaman purwa, kadosta: carios lampahan Arjuna Wiwaha, Bratayuda lan sanes-sanesipun. Wayang Beber ingkang isi lampahan carios burwa ing samangke ing Bali taksih wonten. Ing Jawi Tengah kaliyan Jawi Wetan wontenipun namung carios Gedog lampahan Panji.

## **6.2. Gambaring Wayang Purwa Kapindah Ing Dlancang Jawi**

Raden Kudalaleyen rikala jumeneng nata jejuruk Prabu Suryahamiluhur. Sareng anggenipun jumeneng nata sampun tigang tahun, kraton lajeng kapindah saking Jenggala ing Jawi Wetan dateng Pajajaran ing Jawi Kilen .

Sang prabu ugi karsa mangun gambar wayang purwa, 'babonipun corfkan gambar wayang ing Jenggalas dipun jujud ageng saha inggilipun, geng papanipun kapindah wonten ing dlancang Jawi.

Dlancang Jawi punika kadamel saking lulup klikaning kayu kados tunggilipun ingkang kadamel bagor. Caranipun kados tiyang ndamel diancang merang, pramila rupinipun inggih semu kuning, boten saged putih memplak. Nalika samanten ingkang saged ndamel namung tiyang ing daerah Ponorogo, pramila lajeng karan dlancang Ponorogo. (Ing temba diancang Ponorogo ugi kawastanan dlancang Gedog).

Gambaring wayang purva - sareng sampun kapindah ing dlancang Jawi, lajeng katingal ageng lan ceta, sarta dipun tambahi rerengganipun. Gambar punika namung kapulas cemengan, dados taksih kelengen : cememg coreking gambar, putih dasaring dlancang.

Menawi bade mitontonaken, g ambar wau lajeng dipun gelar utawi dipun joreng (dipun jembreng). Pundi gambar ingkang dipun cariosaken, lajeng dibun dumuk mawi tuding ingkang kedamel saking kayu utawi deling, anrih para ningali sami mangertos. Hanawi sampun rampung, gambar wau lajeng dipun gulung, kowadahan ing kandhaga malih.



Sawenah wonten ingkang dipun wadahi ing bumbung. Rampunging panggarapipun wau ing tahun 1166. Tahun masehi  $1166 + 78 = 1244$  M.

### **6.3.Gambar Wayang Purwa ing Dlancang Jawi Kasebut Wayang Beber**

Reden Jaka Susuruh nalika jumeneng nata ing nagari Majapahit ing tanah Jawi wetan, ajejuluk sang prabu Pratana. Panjeneganipum karsa mangun gambaring wayang purwa ing dlancang Jawi wedalan Ponorogo. Kadamel dados sagulung, sarta katembahan rerengganipun. Kaparingan garan kajeng giligan kiwa-tengen, pirantos kangge nggelar utawi nggulung gambar. Monawi bade dipun pitontonaken lajeng kacepeng, dipun tancebaken wonten ing gedebog utawi ing kajeng ingkang sampun kabolong. Kajeng wau dipun sukani bancik utawi suku arupi gawangan.

Gambar wau lajeng kawastanan Wayang Beber, sabab saben mitontonaken gambar wayang wau tamtu dipun jembreng utawi dipun gelar, Tiyang lkatah mastani dipun beber. Pramila lajeng katelah nama Wayang Beber.

7 Gambaring wayang purwa iingkang wonten ing dlancang lajeng dipun wastani Wayang Beber rampunging panggarap

ing tahun 1283. Wayang Beber manawi kagem ing kraton gangsanipun lestantun ngangga gangsa wayangan Slendro. Dene Wayang Beber ing kang kalampahaken Dalang kangge tanggapan, gamelanipun namung petilan kemawon, sabab tumrap kangge barang naming amburu cepak, pados ringkesipun. Sarta cekap katindakaken tiyang gangsal, kalebet Dalangipun.

Wayang Beber nalika jaman Majapahit samanten perlunipun naming kangge Murwakalas, manawi wonten tiyang ingkang kaneging ila-ila, ingkang kedah rinuwat ngangee Wayang Beber. Amrih sampurnaning angcening kenging sengkala, mawi dipun kanteni sarana sesaji: dipun pepaki sajenipun sarta mawi dedupa kutug ganda wida wewangi. Ngantos katedah dumugi sapriki tiyang nanggap wayang kedah ngangge sajen kaliyan dedupa kutug, miturut ila-ilanipun duk nalika jaman kabudan.

#### **6.4. Wayang Beber Ing Jaman Majapahit**

Nata Majapahit ingkang pungkasan - Prabu Brawijaya V, asmanipun timur Raden Alit. (Kula aturi mriksani sarasilah ' ing ngandap). Panjenenganipun ugi apeparab Harya Angkawijaya.



Kacarios, sang prabu kagungan putra nama Raden Prabangkara. Putra punika kaparingaken dateng .Kyai Sunggingmuda, lajeng dipun ajari sinau nggambar sa-mulasipun. Sareng Sampun rampung lajeng apeparab Raden Sungging Prabangkara.

Sang prabu karsa mangun wanguing gambar Beber purwa, Ingkang putra kadawnhan nedak gambar Wayang Beber ingkang sampun wonten. Ingkang suwau namung wujud gambar kelengan (cemeng-petak) lajeng kadawuhan ndamel enggal kanti ka sungging mawi pulas cet manca warni. Kapantesa kaliyan punapa wontenipun, kadosta: praboting wayang supados katingal beda-beda tumrap ratu, satriya lan punggawa: kapantesa piyambak-piyambak.

Wiwit punika Wayang Beber kasungging mawi cet warni-warni, ingkang kacampur kaliyan ancur. Sang prabu lajeng dawuh nganggit Wayang Beber wiwit carios Panji ing Jenggala dumugi carios lampahanipun Jaka Karebet ing Majapahit. (wiwit nalika kewelas asih ngantos Jumoneng ratu punika carios Damarwulan). Kadamei dados geng gulung, tigang lampahan. Rampuning panggarap nuju tahun 1300 saka atau 1378 M.



Punika kula petikaken silsilahipun nata Majapahit, miturut Serat Silsilah kraton Surakarta tuwin Ngayogyakarta.

1. Rs Susuruh juneneng ratu ing Majapahit jejuluk Prabu BRATANA,
2. Rs Jaka Manguri sareng jumeneng ratu jejuluk Prabu BRAKUMARA .
3. Re Adaningkung, inggih Harya Hadiwijaya, sareng jumeneng ratu jejuluk Prabu BRAWIJAYA 1.
4. R. Hayam Wuruk, inggih Harya Partawijaya, sareng jumeneng rabu jejuluk Prabu BRAWIJAYA II.
5. R. Harya Vartawijaya, inggih Harya Lembumisani, sareng jumeneng ratu jejuluk Prabu BRAWIJAYA III.
6. Harya Partawijaya sareng jumeneng ratu jejuluk Prabu BRATANJUNG, inggih Prabu BRAWIJAYA IV. .
7. R. Alit, inggih Harya Angkawijaya, sareng jumeneng ratu jejuluk Prabu BRAWIJAYA V (raja pungkas).

## 6.5. Wayang Beber Dumugi Demak

Ingkong jumeneng nota ing Demak punika putra raja Majapahit pungkasan ingkang angka 13, nama Raden Patah, ingkang ajejuluk Kangjeng Sultan Syah Alam Akbar. Wayang Beber ing Majapahit kaboyong dateng Demak, Kacarios Kangjeng Sultan kasengsem dateng lelangen wayang, lan asring ngasta andalang Wayang Beber, kanti tinabuhan gangsa.

Wayang Beber saking Majapahit punika wonten tigang warni. Ingkong sepuh Wayang Beber carios purwa isi lampahan Arjuna Wiwaha, Bratayuda tuwin Arjuna Sasrabau. Dene ingkang kalih gulung isi carios Panji ing Jenggala, ingkang sagulung casarios lampahanipun Jaka Karebet nalika kawelas-asih ngantos jumeneng nata ing Majapahit 4 inggih punika lampahan Damarwulan.

Wayang Beber nalika jaman samanten wujuding gambar taksih arupi gambaring manungsa, dados dereng wujud kados gambar wayang jaman samangke. Pramila para Wali boten sami sarujuk dateng wujuding Wayang Beber ingkang gatra gambaring manungsa, awit tunrap agami Islam kasebut karam.



Para Wali lajeng sami musyawarah, ngrembab bab wayang sage da lestantun sampun ngantos kalajeng ical musna, nanging santun wujud ingkang boten dados laranganing agami Islam. Kaputusaning rembag: wayang sarta karawitan lajeng kapasrahaken dateng Kangjeng Sunan Kalijaga, awit panjenenganipun punika satunggaling Wali ingkang trah Jawi lugu, inggih punika putranipun Adipati Wilatikta ing Tuban.

Kajawi punika ugi mumpuni ing kawruh kajawen. Tiyang Jawi nalika jaman samanten kawruhipun sampun inggil katimbang agami ingkang nembe dateng. Dados manawi boten dirun pilihaken Wali ingkang mumpuni ing kawruh kajawen, kados-kados kawruh Islam tamtu boten bade saged rumasuk dateng tiyang Jawi.

Cekaking carios, para Wali lajeng sami yasa wayang. Sadaya wayang ingkang taksih wujud dapur gambaring manungsa lajeng kajujud, kadudut dapur wujud rupi sarwa panjang, tembungipun asing dipun "styleer". Ical sipat wujuding gambar manungsa, kantun wujud ingkang nggamaraken wataking manungsa. Dados wayang lajeng sami santun rupi. Wonten ing kang kadamel saking wacual :



katatah lajeng dipun sungging. Wonten ingkang taksih kadamel nglestantunaken wontenipun Wayang Beber.

Kangjeng Sunan Ratu Tunggul ing Giri yasa wayang kulit purwa kaliyan wayang Gedog. Babonipun mendet Wayang Bebercarios Panji. Kangjeng Sunan Bonang nganggit serat carios Damarwulan. Jejering lampahan nyariosaken nagari Majapahit Tengahan, jumenengipun Ratu Ayu, mirit carioes lampahanipun Jaka Karebet ing nagari Majapahit,

Sareng para Wali sampun sami yasa wayang kukit, Wayang Beber lajeng sumingkir saking kita, dateng ing padusunan dados tanggapanipun tiyang alit. Ngangge gamelan petilan sakwontenipun, rebat cekap sampun ngentos kekatahan tiyang inggih punika rebab, kendang, angklung, trebang tuwin kotak kangge krepyak.

Menggah lampahipun kangge tanggapan Wayang Beber munika mboten sami wujudipun. Wonten ingkang ngangge rebah, kendang, ketuk, kenong, gong, saweng wonten ingkang mewi saron. Gamelan punika namung kangge uluk-uluk minangka panyeluk, kangge tanda manawi, ing ngriku wonten tontonan wayang.

2

Pramila nalika Kyai Ageng Kebo Kenanga ing Dusun

Pengging mentas kagungan putra kakung ingkang bagus ing warni, kaleres sapekenanipun, panjenenganipun nimbali dalang Wayang Beber, katanggap, kadawuhan nglampahaken mayang sadalu.

Wayang Beber ingkang ginambar ing dlancang Jawi wonten tigang gulung, isi tigang lakon. Gamelanipun kendang, ketuk, kenceng tuwin gong. Cariosipun lampahan Panji dumugi cerios Majapahit. Nalika punika marengi ametik carios lampahanipun Jaka Karebet wiwit kawelas-asih ngantos jumeneng nata ing Majapahit.

Tiyang padusunan ingkang sami dateng ningali katah ingkang ngantos byar enjing dumugi sabibaripun. Kyai Ageng Kebo Kenanga kaliyan Kyai Ageng Tingkir sakalangkung kapranan ing panggalih. Ingkang putra lajeng kaparingan tetenger asma Mas Karebet, apeparab Bagus Sugit, ngiras pantes minangka kangge pepemut lampahaning Wayang Beber, pijantuka sawabipun, Labet warna kinaot Kyai Ageng Tingkir langkung jumurung, pan wus genah bocah iki kanggonan wahyu keprabon.

Makaten cariosipun Wayang Beber ing jaman Demak, nalika tahun 1440 dumugi tahun 1478. Nalika tahun candra



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

1

1186 Kangjeng Sunan Bonang nganggit damel Wayang Beber carios Gedog, kangge nyantuni Wayang Beber carios purwa. Tahun masehi 1186 + 78 =128 M. Pramila ngantos dumigi sapriki Wayang Beber ingkang katah lampahan carios Panji. Dene gamelanipun arupi rebab, kendang, trebang, angklung, kenong tuwin keprak. Trebang punika minangka gantosipun gong, Katelah dumugi sapriki Wayang Beber gamelanipun winastan kathiprak.



## 7. Wayang Beber Dumugi Jaman Mataram

9

Ing Mataram nalika ingkang jumeneng nata Ingkang Sinuwun Kangjeng Susuhunan Prabu Anyakrawati wonten tiyang asli saking Kedu ingkang saged ndalang, lajeng kaabdekaken ing Kraton. Saking kaparenging karsa-dalem, ing Mataram manawi ngruwat boten mawi Wayang Beber, nanging ngangge wayang kulit purwa. Wayang Beber lajeng kasilep, boten dados tanggapan ing nagari Mataram.

### 7.1. Wayang Beber Ing Jaman Kartasura

2

Ingkang Sinuhun Kangjeng Susuhunan Amangkurat II (Sunan Amral) ing Kartasura kagungan karsa amangun Wayang Beber kagambar ing dlancang Jawi wedalan Ponorogo. Cariosipun lampahan Panji Jaka Kembang Kuning. Wayang wau winuwuhan gegambaran dasaring palemahan, ginambaran punapa wontenipun alam ingkang dipun amwbah r wonten gambaring pura kedaton, patamanan, dados rinfka kados gambar relief ing candi-candi.. Gambar wau dipun pulas mawi cet sungging, dados inggih lajeng katingal ngrawit sanget.

Salampahan dados 6 gulung. Dlancang Jawi punika ugi karan dlancang Gedog, rupinipun putih semu kuning. Punika manawi taksih anyar. Manawi sampun Jami warninipun dados kuning kados dlancang payung (ingkang kangge nyamak bukunipun lare sekolah ing jaman sapunika).

2

Rampunging panggarap mawi sinengkalan memet arupi gambar tiyang jaler juru amek ulam, anjamah tiyang &stri bakul srabi ing pasar Tumenggungan, taksih winci gagat bangun, sepi dereng wonten tiyang ingkang ngambah pasar kajawi namung tiyang kalih punika, Dadosing ukara sengkalaning tahun unen-unenipun "Game srabi jinamah ing wong" Punika tahun 1614 tahun Saka atau 1682 M.

9

Kacarios, nalika ingkang jumeneng nata ing Kartasura. Ingkang Sinuwun Kangjeng Susuhunan Paku Buwono II, katah Jelangening praja ingkang kahangun. Ingkang Sinuwun yasa wayang purwa, ngantos Ingkang Sinuwun karsa ngasta natah piyambak wayang Premadi. Sareng sampun ambabar sakotak, wayang wau kaparingan nama Kyai Pramukanya. Wandaning wayang dipun pepaki.

Karsa dalew yasa wayang Gedog : wandaning Panji miturut Arjuna 3 wayang Gunungsari mirit wandaning wayang Samba 4 wayang putren sami dipun gelung kados

wayang purwa, dipun busanani dodotan. Sareng sampun ambabar dados sakotak, wayang punika lajeng kaparingan nama Kyai Banjet.<sup>1</sup> Nalika samanten nagari Kartasura katah barangtan tanggapan saking tanah pesisiran saha saking mancapraja. Kadosta "Wayang golek carios purwa, "Trebang kentrung mawi carios Mursada, "Barangan taledek mawi carios Ketek Ogleng, Ande-ande lumut. Malah kawartos ing Kudus wonten "Wayang Golek carios Minak ingkang bade katimbalan ing Kartasura. Katah para ngulama ingkang mambengzi karsa dalem. Ingkang Sinuwun lajeng nimbali tukang ngukir kajeng.

Karsa-dalem bade yasa wayang kayu, babonipun wayang Krucil seking kulit, mirit wayang yasanipun Pangeran Ratu Pekik. Kangge carios lampahanipun Damarwulan. Wayang wau kadamel saking kayu miri tuwin kayu mentaos. Sareng sampun rampung dados sakotak, kaparingan nara wayang Krucil. Tiyang katah mastani wayang Klitik. Ingkang Sinuwun lajeng dewuh ndamel gambar Wayang Beber, lampahan Panji kengge nisihi Wayang Beber lampahan Jaka Kembang Kuning. Wayang Beber punika namung kadamel lugasan kemawon cara kina,



supados langkung ceta, gampil dipun mangertosi, mboten katingal ruwet emarpi kekatahen isin-isen.

Lampahanipun Remeng Mangunjaya. Kagambar wonten ing dlancang Jawi damelan Ponorogo. Rampunging panggarap ing tahun: 1660. 'Sinengkalan, "Tanpa Obah Wayanging Ratu", tahun saka 1660 + 78 = 1738 M.

## 7.2. Wayang Beber Sareng Dumugi Surakarta

Nalika tahun 1939 tanggal 25 Desember, Museum Radyapustaka Surakarta mitontonaken Wayang Beber saking Pacitan, ingkang ndalang Ki Pasetika. Lampahanipun Jaka Kembang Kuning. Punika carios Panji ing nagari Kediri bab Jolosipun Sekartaji ngupaya ingkang heka Raden Panji smarabargun ingkangmurca. Wayang wau kagambar ing dlancang Jawi damelan Ponorogo.

Dalang Wayang Beber punika cak-cakanipun kados tiyang ndongeng ingkang mawi lagu. Ginemipun 'kedah kapara cucut, dados saged ndudut dateng para penonton sampun ngantos kembra. Pramila kedah baudian sugih carita ingkang mboten ngowahi bakuning Wayang Beber. Ingkang dipun cariosaken inggih punapa ingkang kaceta wonten ing gambar kemawon, dados cariosipun boten ewah.



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

Wayang Beber punika sagedipun karaosaken namung saking panganggitipun cariosing lelampaahan ingkang isi raos suraosipun ingkang nganggit, ugi saking ingkang nindakaken kados pundi anggenipun saged angsal kawigatosan, babab wayangipun boten saged obah.

Para penonton sagedipun mangertos wayangipun gineman, manawi pun Dalang, mawi pirantos tuding ingkang kadamel saking kayu utawi deling, ndumuk gambaring wayang ingkang nuju dipun ginemaken dening ki Dalang. Makaten wau patrapipun Dalang Wayang Beber nindakaken wayang.

Wayang Beber punika gambar wayang ingkang pejah. Tegesipun, wayangipun boten kenging dipun polahaken kedos wayang saneesipun. Wayang ingkang dipun cariosaken cekap dipun dumuk mawi pirantos tuding. Punika nandakaken bilih punika wayang ingkang nuju gineman, makaten salajengipun.

Pramila inggih kirang kawigatosan saking para: penonton. Wayang Beber inggih lajeng cures boten lampah. Katah Dalang ingkang boten remen sarta ugi boten purun nglampahaken. Ing wasana Wayang Beber ing jaman



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

samangke namung . dados mebel, pasren hiasan dinding utawi tembok kados lukisan kimawon.

Ing Pura Mangkunagaran wonten Wayang Beber kalih prongkat yasan dalem Kangjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangku Nagoro VII ing Surakarta. Ingkang kadawihan nggarap Raden Widosupomo (Raden Ngabei Atmosupomo), abdidalem juru-sungging ing Karaton dalem Surakarta, sarana nedak

Wayang Beber ing Pacitan kaliyan Wayang Beber ing Gunung kidul Ngawen. Kapindah wonten ing mori alus. Katedak miturut punapa wontenipun. Wayang Beber punika ngantos dumugi sapriki taksih lestantun sag. Wayang Beber ingkang saking Pacitan isi lampahanipun Jaka Kembang Kuning, ingkong saking. Ngawen Gunungkidul isi lampahan Remeng Mangunjaya.

Makaten punika menggah cariosipun Wayang Beber sareng dumugi ing Surakarta.

### **7.3. Wayang Beber Linggar Saking Karaton Kartasura**

Nalika ing Kartasura Mataram Islam ingkang jumeneng nata Ingkang Sinuwun Kangjeng Susuhunan Paku Buwono II memerintah Mataram Islam 1726-1742, dan raja



pertama kasunanan Surakarta memerintah 1945-1749 M jalaran wonten hora-horu perang Pacinan. Karaton kalampahan saged kabedah dening mengsa, ngantos Ingkang Sinuwun kaplajeng ngungsi dumugi Ponorogo.

Kacarita sadaya kagungan dalem isen-isening Kadaton sami kajarah-rayah dening mengsa. Katah ingkang sami risak saha ical tanpa lari. Dados inggih sampun samestinipun manawi wonten wayang Bibir "Jaka Kembang Kuning' kasingsal tumut ngungsi dumugi ing dusun Kawangtalun, kalurahan Kedopol, Kecamatan Donorojo, Kabupaten Pacitan, celak kota Ponorogo (Jawi Wetan). Wayang Be ber ngantos ngungsi, Bapak Ki Posetiko, sapunika tumurun dateng Bapak Sarnen, ngantos katrem krasan wonten ing ngriku. Dados ing samangke ingkang andarbeni Bapak Sarnen. Nalika sakawit ing kang manggih lan andarbeni inggih embah-embahipun ingkang nurunaken Ki Posetiko punika wau. Sabagian wonten ingkang kaplajeng dateng Gunungkidul. Makaten cariosipun Wayang Beber.

Wayang Beber komplit dalam sa-buku pakemipun kasimpen dados satunggal wonten ing kotakipun, katutup rapet dipun kunci. Serat pakem punika boten saged pisah



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

kaliyan wayangipun. Manawi ngantos pisah, wayang wau lajeng dados pejah, boten saged dipun mangertosi carios lampahaning wayang ingkang dipun gambaraken. Sanadyan saged nyumerepi gambaripun, nanging meksa boten mangertos lampahanipun.



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

## 8. Tetingalan Wayang Isi Pararaton


Sadaya Tetingalan wayang punika isi carios pararaton, nyariosaken upacaraning keprahon Nata. Mengrah ingkang dipunwastani kepraboning ratu punika arupi barang kagunganing ratu sak wadya-balanipun.. Saben sang Ratu miyos siniwaka utawi tedakan, tentu wonten abdi panderek ingkang ampil-ampil. Punika boten saged dipun tilar. Manawi ngantos dipun icali, kasupen mboten dipim cariosaken salebetung mayang sadalu, dados pejah raosing lampahan wayang. Ing mangka carios lampahaning wayang punika mesti ngedalaken para-ratu.

Manawi ngantos kalepyan dipun tilar, ical raosing padalanganipun. Sebab ing tanah Jawi sa-wewengkonipun punika wiwit kina-makina dedasaripun ingkang nata nagari punika tedak turuning para ratu. Pramila lajeng dipun tembungaken pararaton, tegesipun tedak-turuning para ratu. Kadosta upaminipun wayang Gedog carios Panji: wayang Gedog punika saweg jejer sapisan kemawon wedaling wayang sampun nedahaken, manawi ratu ingkang jinejeraken sampun lenggah. Ing wingkingipun tamtu wonten wayang



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA



pawestren ingkang arupi bedaya srimpi ampil-ampil katancebaken wonten ing ngandap sami ngampil keprabonung ratu, upacara arupi banyak dalang sawunggaling.

Lajeng ka-adep Patih sapunggawanipun. Dalang lajeng nyariosaken kawontenaning nagari wiwit saking kawontenaning Kadaton. Ingkang kange gegambaran angganta Karaton Surakarta, sabab punika padalangan ing Surakarta. Anggenipun nyaritakaken wiwit sang prabu miyos saking Kedaton tedak miyos ing pandapa Sasana Parasdy, lajeng miyos ing palataran terus medal ing korji Srimanganti, lajeng kori Kamandungan, kori Brajanala, terus dating Sitinggil. |


Punika dipun 'caritakaken sadaya ngantos dumugi korining Galadag. Lajeng warni-warnining abdi-dalem dumugi prajuritlan sanes-sanesipun ngantos dumugi kusir kreta. Makaten punika wau carios umpak-umpakaning wayang Gedog ingkang kange jejeran wiwitan ingkang dipun cariosaken dening Dalang. Punika wau boten saged dipun icali. Manawi dipun cekak mendet saperlunipun kenging kemawon, sauger sampun ngantos ical.

Sarehning Wayang Beber punika carios Panji, dados inggih carios wayang Gedog. Wontenipun wayang Gedog



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA



wau saking serat carios Panji, dados pakemipun inggih saking carios serat Panji. Manawi serat Panji wau boten wonten, inggih boten saged nyiptakaken wujuding wayang Gedog ingkang isi cariosipun Panji.

Tradisi punika sampun ngantos dipun risak. Prayogi dipun lestantunaken k€mawon punapa wontenipun. Sukur saged dipun damel ngrembaka, ngiras pantes memetri warisan saking leluhur kita, sageda dados pengetan.



## 9. Wayang Beber Wonten Salebeting Dongengan

Miturut dedonginanipun Sarnen, saking carios kojahipun embah-embahipun ingkang nurunaken <sup>24</sup> piyambakipun nalika jaman Majapahit sang prabu Brawijaya kagungan putra putri ingkang saweg kataman nandang gerah, ngantos ambadal saking sakaliring usada.

Nuju satunggiling dinten wonten tiyang jaler nama Ki Naladerma - asal saking dusun Gedopol bawah Pringkuwu sowan ingarsaning sang Prabu, matur bade suka pitulung ngusadani gerahipun sang putri. Sasampunipun dipun parengaken, lajeng dipun usadani. Sawnalika lajeng waluya, andadosaken lega lan bingahipunsang Prabu.

Ki Naladerma katarimah anggenipun ngusadani, lajengkeparingen ganjaran arupi gulungan dlancang isi gambar wayang sa-lampahan, ingkang mangk€ bad saged murakabi kangge pados sandang teda turun-temurun.

Abdi-dalem dalang Wayang Beber lajeng kadawuhan andongengi Ki Naladerma isining cariosipun gambar wayang punike. Ki Naladerma migatosaken sanget cariosipun ki



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

Dalang. Isining gambar wayang wau lampahan Jaka Kembang Kuning.

Cekaing carios, Ki Naladerma lajeng dados dalang wayang Beber, ambareng turut padusunan, ngantos kondang laris dateng dusun ingadusun sa-nagari, labet angsal saweb berkehipun sang prabu Brawijaya ratu ing Majapahit.

.Turunipun Ki Naladerma sami saged dados dalang wayang Beber Engga sapriki. Dumugi Bapak Sarnen kirang langkung Sampun yonter sangang turunan saking Ki Naladerma. Makaten. punika wau kojah dedongenganipun Bapak Saraen bab Wayang Beber.

Henggah Wayang Beber ingkang dipun dongengaken Bapak Sarnen punika paringipun sang prabu Brawijaya : kaparingaken dateng Ki Naladerma minangka dados ganjaran anggenipun ngusedeni gerahipun sang putri.

Manawi bab Wayang Beber punika kacundukaken kaliyan dongeng wau boten leres, awit Wayang Beber yasan Majapahit punika wujuding camberi pun taksih gambaring manungsa, dering dipun styleer. Sareng durugi Demak, gambar wau saweg santun wujud. Dados ceta manawi sampun geseh, ing mangka wayahg Beber Jaka Kembang Kuning punika sampun wujud gambar wayang kados jaman



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

sapunika, dados boten cocog keliyen ingkang dipun dongngeaken punika.

Sareng gambar, wau ditliti, ing ngriku pinengpih wonten tetengeripun gambar cndrasengkala memet, arupi tiyang jaler anjamah tiyang Setri bakul s abi wonten "ing pasar, Punika ingkang minongka dados titimeangsa pandamelipan wayang Beber punika, Ungelipun <sup>2</sup> "Gawe srabi jinamah ing wong". Punika cndrasengkala ngucapaken tahun 1614. Untuk tahun Masehinya  $1614 + 78 = 1692$  M. Keraton pindah soko Plered nyang Kartasura pada masa Amangkurat II sing mrintah Mataram (1677 – 1703 M)

Dados Wayang Beber wau damelan jaman Kartasura kemawon, yasanipun Ingkang Sinuwun Kangjeng Susuhunan Amangkurat IV ingkang mrintah Mataram (1719-1726), ayahnya Pakubuwana II. Amangkurat IV dianggep sebagai leluhur raja-raja mataram nurunke trah sing berkuasa ning Surakarta lan Yogyakarta.

Anane Wayang Beber nalika jamane Prabu Amangkurat II, kang nalika iku mindhah ibukota saka Plered menyang Kartasura. Dene nalika jaman Amangkurat IV ana gegeyan Pecinan kang njalari Amangkurat IV ngungsi lan kabeh sing ana ing kraton dijarah-rayah. Untunge Wayang



Beber bisa ditulungi ing Tawangalun, Donorojo Pacitan, Wayang Beber Remeng Mangunjaya ing Wonosari.

Sejarah pangalaman wayang beber ora sajaté saka keberadaan kajatuhan Majapahit ing abad 14, nalika didamel déning Raden Jaka Susuruh kang title Prabu Bratana:<sup>3</sup> Raden Jaka Susuruh jumeneng ratu, jujuluk Prabu Bratana. Angadhaton nagara in Majapahit, Mangun wayang purwa papane daluwang ginulung dadi sagulung sarta kawuwuhan ricikane kaaran Wayang Beber. Yen kagem Karaton gamelane lestari gamelan pawayangan salendro. Dene Wayang Beber ingkang linakokake dhalang, tabuhane rebab. Perlune ginawe murwakala yen ana wong kena ngila-ila, pangupadrawa anandhang mala cintaka, kayata: bocah ontang-anting sapanunggalane.

## 10. Pertunjukan Wayang Beber Tawangalun

Wonten ing sadaya lukisan Wayang Beber menika nyariyosaken cariyos katresnan saking Dewi Sekartaji kaliyan panji asmarabangun ingkang namun dados Jaka Kembang Kuning, cariyos kala wau dipundhudhut wonten ing lakon Wayang Beber “Jaka Kembang Kuning”. Pagelaran Wayang Beber Pacitan menika ancasipun kangge ritual upacara adat tuladhanipun ngruwat, ngobati tiyang gerah, *nazar* saha sakpiturutipun. Awit saking wekdal rumiyin dumugi samenika mboten wonten seratan *sistematis* saking cariyos Jaka Kembang Kuning ingkang dipundadosaken pakem kangge pagelaran Wayang Beber Pacitan. Cariyos menika dipunwarisaken turun tamurun mawi lisan saking dhalang ingkang sepisan dumugi dhalang salajengipun. Dhalang Wayang Beber ingkang sampun kaserat menika cacahipun wonten 13 (ngantos warsa 2010), ananging mboten wonten seratan kronologis saking para dhalang menika.

Cariyos lakon Jaka Kembang Kuning mboten nglampahi ewahan. Wosing cariyos Jaka Kembang Kuning

taksih sami, menawi wonten bentenipun namung sekedhik, ananging *substansi* saking lakon menika taksih sami inggih menika cariyos katresnan saking Dewi Sekartaji saha Panji Asmarabangun. Saben dhalang menika pikantuk pengetan kangge mboten ngewahi isi cariyos saha asma saking lakon ing cariyos menika, dipuntambahi, menapa malih dipunkirangi.

Wujud saking Wayang Beber Pacitan menika arupi kayon (Achmad, 1990:258). Lukisan Wayang Beber menika wonten ing kertas daluang ketingal kados wayang purwa ananging netranipun ketingal cetha tigang *dimensi*. Gamelan ingkang dipunngginakaken inggih menika laras slrendro kanthi rebab, kendang batangan, ketuk laras kalih, ketuk, gong, saha kempul. Tata cara upacara tradisi pagelaran Wayang Beber menika saged dipungelar wonten papan pundi mawon bebas ingkang sae saha resik, sadaya sesajen kedah sampun cumawis jangkep mboten pareng kirang amargi Wayang Beber menika pusaka ingkang sakral, menawi kirang anggenipun paring sesaji kathah pepalang ingkang kadadosan ing wekdal pegalaran.

Titi laksanaadicara upacara Tradisi Wayang Beber menika dipunwiwiti saking sadaya sesaji ingkang sampun

cumawis wonten ing sangajengipun kotak wayang, lajeng dhalang ingkang badhe miwiti pagelaran saderengipun bikak kothak dipunwiwiti kaliyan “Jawab” utawi nyuwun kaliyan ingkang mbau rekso Wayang Beber kalawau. Minangka sadaya sesajen kala wau sampun jangkep dhalang lajeng ngobong dupa minangka prantandha pagelaran Wayang Beberkawiwan.

Dhalang lajeng lenggah wonten wingkingipun Wayang Beber. Sepisan dhalang cariyos bab Kraton Kediri, lajeng dhalang nglanmpahi suluk salajengipundhalang miwiti cariyos saben *adegan* kaliyan *dialogipun*. Saben gulungan ingkangcekapan dipungelar lajeng dipungulung malih saha pindah wonten gulungan salajengipun. Wonten ing wekdal gantos gulungan gamelan ngiringi kanthi aba-aba saking dhalang mawi nutuk gothak 2-3 ambalan. Aba-aba menika ugi dipunngginakaken kange mungkasi gamelan.

Wayang beber manawa dipunlakoni ing lingkungan kraton nganggo gamelan slendro, sawise manawa dipunlakoni ing luar kraton mung nganggo <sup>3</sup>rebab (jenis alat instrumen gamelan Jawa kang cara mainé kanthi digesek). Pagelaran wayang beber nuduhaké fungsi kanggo upacara ruwatan (murwokolo: Jawa), hawane sing sarwahe sakral kang ngluwari supados wong saged

mara kahanan, misalé bocah ontang-ting, yakuwi anak tunggal sing durung ana saudara kandhunge. Miturut kepercayaan masyarakat Jawa ana sawetara wong sing nulada sial utawa saka tinemu anggara-anggara, antawisé; bocah ontang-ting (anak tunggal), bocah kembar, kedono-kedini, serimpi, pendhowo, lan liya-liyane.



Gambar 2.

Kirab Wayang Beber (Dokumentasi KKN UNS 342)

Tri Hartanto minangka pewaris Wayang Beber Tawangalun, nganakake kirab ing pagelaran kang dianakake ing rangka KKN UNS 2023. Prosesi kasebut ditindakake supaya kagiyanan pagelaran Wayang Beber bisa lumaku kanthi lancar.



Gambar 3.

Dhalang mbikak Pagelaran Kanthi Suluk  
Dhalang manggihake Pagelaran wayang beber Tawangalun karo Suluk, kang ndadekaké suasana sakral lan mawa makna mendalam. Suluk iku bilih kang ngandhut watak-watak kang padha kaya marang dhawah spiritual lan petungan-petungan kanggo njaluk petungan saka Gusti Allah. Dene dene, kang ndadekaké kesan kanggo para penonton babagan kandha dhawah lan ala saka pementasan wayang beber Tawangalun. Dene, dhalang kang ngangkat boso Jawa klasik nganggo tutur kang apik lan lajeng nggawe pagelaran wayang beber kang ora cumanggi dadi hiburan, nanging uga dadi acara kanggo nambah kawruh lan rasa spiritual para penonton.

Posisi Dhalang nalika nindakake pagelaran wayang wingking biasane khas banget lan beda karo

posisi ing pagelaran wayang utawa wayang golek. Dhalang lungguh ing kursi khusus sing diarani "kedu", sing ana ing sisih pinggir panggung. Dhalang lengkah jejeg kanthi sikile nyabrang ing ngarep utawa kadhangkala dilebokake ing lincak. Kanthi posisi lungguh jejeg, Dhalang nduwени papan sing cukup kanggo ngobahake tangan lan awak kanthi bebas nalika ngoperasikake gambar wayang sing dicethakake.




Gambar 4

#### Posisi Dhalang ing Wingking Wayang

Dalang ngemu gulungan gambar wayang beber kang dumadi saka 23 lakon utawa jagong kang bakal diwedharake lan dicritakake kanthi runtut miturut alur critane. Sajrone pagelaran, Dhalang uga bakal menehi suwara para paraga kang diwakili, uga suluk khas Wayang Beber saengga bisa dirasakake aura sakral ing

pagelaran.

Posisi Dhalang menehi kalodhangan kanggo para penonton bisa ndeleng kanthi langsung proses maca lan pentas wayang beber, uga ngidini Dhalang berinteraksi langsung karo penonton.



Gambar 5.  
Wayang Beber Dipungelar

## 11. Oborampe Wayang Beber Tawangalun

Ing tradhisi pagelaran Wayang Beber Pacitan, Uborampe ingkang kagungan pangertosan kang khusus ing dhalaning nggawa lan ngurus wayang beber kedah dipunlampahi saha dipunpaparakaké. Uborampe menika uripun antawisipun pandangan lan ajaran kang khusus ingkang kedah dipunsiwi kangge wong nggawa lan ngurus wayang beber menika.

Uborampe iki nyaturaken uripun kang diwenehake kangge wong kanggo nggawa lan ngurus wayang beber supaya kedah taat lan tansah nggawe kersa marang Gusti Allah S.W.T. ing dhalaning nggawa lan ngurus wayang beber. Uborampe menika antawisipun pedoman utama kang dadi acuan kangge nggawa lan ngurus wayang beber lan kedah dipunpalih marang pangertosan kang dadi ugi minangka sae kanggo prilaku lan dhalané wong nggawa lan ngurus wayang beber.

Wonten ing tradisi pagelaran Wayang Beber Pacitan, wonten mapinten- pinten Uborampe ingkang kedah

dipungatosaken saha dados syarat ingkang kedah  
dipunlampahi kangge bikak Wayang Beber menika,  
Uborampe menika antawisipun:



Gambar 7  
Uborampe Wayang Beber 1 (Dokumentasi Tri Hartanto)



Gambar 8.  
Uborampe Wayang Beber (Dokumentasi KKN UNS 342)

## 11.1.Sego Golong 7 Jodho

1

Sego golong 7 jodho menika wujudipun bunder ingkang cacahipun wonten 14. Makna saking golong 7 jodho menika minangka pralambang tekad ingkang estu ingkang golog gilig. Tiyang jawi wastani menika “tekad ingkang gumolog dadi sawiji” (Giri, 2010:23). Sego golong 7 jodho menika ancasipun dados pakurmatan marang gusti kang akarya jagad, pasaran 5, dina 7, sasi rolas, warsa wolu, saha windu papat. Cacahing dina wonten 7 (senin, selasa, rebu, kemis, jum’at, sabtu, minggu) saha cacahing dina pasaran ana 5 (Pon, Wage, kliwon, legi, pahing) (Giri, 2010: 23). Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih Sadaya dinten menika dipunlambangaken mawi sego golong 7 jodho awit saking tiyang jawi pitados bilih kagungan hajat kedah wonten etnganipun ngginakaken dinten wonten ing penanggalan masehi saha penanggalan jawi menika.

Menika selaras kaliyan andharan saking Tri hartanto:

*“Sego golong 7 jodho wi golong wi gumolog tekade, nyapo kudu 7?lambange dina enek 7 mbak”*

Kaliyan andharan saking Wisto Utomo:

*“Enek sego golong wi nek wong ndisek jarene*

*maksude tekad kang gumolog, tenanan, temenan, golog gilig, wi enek 7 wi maksud e ngelengne dina seminggu cacahe ana 7 bene saben dina due tekad seng tenanan”*

## 11.2. Ingkung ayam

1 Ingkung pitik menika dipundamel saking ayam ingkang dipunparingi bumbu kuning. Ingkung menika ateges dipunkungkung, ingkang dipunkungkung menika hawa nepsu manungsa (Giri, 2010:25). Awit saking menika ingkung saged dados wujud pralambang tiyang ingkang gesang wonten ing alam dunya menika kedah manembah marang Gusti Allah S.W.T saha ngeker nepsu ingkang ala. Miturut Endraswara (2014: 254) ingkang mujudaken pengajeng-ajeng manunggal menika dipunlampahi kanthi manekung. Twikromo (2013: 114) ngandharaken bilih ingkung menika pralambang menungsa nalika taksih bayi, bayi menika taksih suci. Ancas saking ingkung menika kangge nyucikake awit sadaya kalepatan.

Menika selaras kaliyan andharan saking Tri Hartanto:

*“Ingkung, manekung, ngerti manekung ga mbak?  
Ngeker nepsu”*. Lan andharan saking Wisto Utomo:  
*“Ingkung wi ngeker nepsu”*



### 11.3. Sego Golong 3 Urap

Sego golong 3 menika wujudipun pethak ingkang dipunkeperi bunder cacahipun wonten 3. Sego golong cacahipun 3 menika minangka pralambang 3 tataran kasampurnaning tiyang islam inggih menika islam, iman, saha ihsan.

Menika selaras kaliyan andhran saking Tri Hartanto:

*“Trus sego golong 3 dikei urap, wong ndisek jaman walisanga wi maknane 3 tataran islam mbak”*

Kaliyan andharan saking Wisto Utomo:

*“Trus enek sego golong di dewekne meneh 3 wi tingkatan kawulo mbak islam iman ihsan nek jare wali sanga”*

Urap menika wujudipun sayuran saking kacang panjang, bayem, kangkung, cambah, kluwih saha wonten sambel urap. Sambel urap saking kambil ingkang dipunparangi bumbu. Urap menika minangka pralambang “urip”. Sayur wonten ing urap menika wonten kacang panjang minangka pralambang tiyang gesang kedah menggalihaken langkung rumiyin menapa ingkang badhe kantindakaken.

Bayem minangka pangajab kaparingan ayem



tentrem gesang wonten ing alam dunya. Kangkung minangka pralambang dipunkungkung saking bala saha sadaya perangan ingkang awon. Cambah minangka pralambang jumbuhing sadaya kasaenan. Kluwih minangka pralambang pangajab sae lumebering kaluwihan saha kaunggulan (Pradanta, 2015: 163-164). Menika selaras kaliyan andharan saking Tri Hartanto:

*“Urap wi maknane urip, sayure urap wi yo enek maknane kacang panjanag wong urip wi kudu mikir dawa, ana cambahe tambah apik sekabehane, ana kluwihe tambah kaluwihane, ayem wi maknane jaluk ayem, ana kangkunge maknane manekung nepsu “*

Kaliyan andharan saking Wisto Utomo:

*“Urap wi yo enek maknane karo sayure, maknane wong urip wi kudu, yo urap wi urip, maksude wong urip wi kudu kaya kacang panjang mikir dawa, kudu ndue cambah tambah apik, kudu ndue kluwih tambah kaluwihan kudu ndue kangkung iso manekung nepsu, kudu ndue bayem bene uripe ayem tentrem”*

#### 11.4. Jenang Putih Abang

1

Jenang abang wujudipun sekul pethak **ingkang** dipuncampur kaliyan gendhis jawi saha **dipunpanakan** **wonten** **ing** **ciri**. Jenang abang minangka pralambang

1

tiyang gesang ingkang lair kagungan biyung <sup>1</sup> ingkang kedah dipunkurmati. Menawi jenang putih wujudipun sekul pethak ingkang dipunpapanaken wonten ing ciri, jenang putih menika minangka pralambang tiyang gesang lair ugi kagungan bapa ingkang kedah dipunkurmati (Giri, 2010: 31). Endraswara (2014: 255) ngandharaken bilih jenang abang saha putih minangka *simbolis* kadadosan manungsa. Jenang abang minangka *simbol* biyungsaha jenang putih minangka *simbol* bapa.

Menika selaras kaliyann andharan saking Tri Hartanto:

*“Ana meneh jenang abang putih wi nek wong ndisek jenang abang maknane ndue ibuk nek jenang putih ndue bapak”*

Kaliyan andharan saking Wisto Utomo:

*“Enek neh jenang abang putih wi nek jare mbah-mbah biyen ngelengne wong urip neng bapake nek putih abang neng ibuke”*

1

### 11.5. Arang-arang Kambang

Arang-arang kambang menika wujudipun sekul pethak <sup>1</sup> ingkang dipuncampur kaliyan jenang abang ingkang dipunpapanaken wonten ing ciri. Arang-arang kambang menika pralambang tiyang gesang sami



manuwun manembah dhumateng Gusti Allah S.W.T kanthi panyuwun ingkang maneka warna. (Salikhin: 2016:8)

Menika selaras kaliyan andharan saking Tri Hartanto:

*“Ana meneh arang-arang kambang wi maknane wong urip ndue akeh kekarepan bedho bedho”*

Kaliyan andharan saking Wisto Utomo:

*“Enek meneh arang-arang kambang wi mergo panjaluke menungso akeh bedho-bedho muga di sembada gusti”*

## 11.6. Jenang Sengkala

Jenang sengkala menika wujudipun sekul pethak ingkang dipunparangi cuwilan gendhis abrit wonten inggilipun. Jenang sengkala menika minangka pralambang nolak sakabehing sengkala utawi bala saha niyat ala ingkang badhe tumeka. (Milasari, 2022 :12-13)

Menika selaras kaliyan andharan saking Tri Hartanto:

*“Trus jenang sengkala wi bene nolak kabeh sengkala/bala”*

Kaliyan andharan saking Wisto Utomo:

*“Trus enek jenang sengkala yo genah ge nolak bala”*



### 11.7. Jadah Jojoh

Jadah jojoh menika wujudipun ketan ingkang dipundang sahadipuncampur kaliyan parutan klapa saha uyah sekedik, lajeng dipuntetel ngantos padet saha dipunirisi kotak-kotak. Jadah jojoh minangka pralambang raketeng anggenipun sesrawungan kaliyan tiyang sanes, saged raketeng gayutan wonten ing palakrama, raketeng gayutan wonten ing saduluran saha raketeng gayutan wonten ing *masyarakat* (Windyarti, 2015:11-12)

Menika selaras kaliyan andharan saking Tri Hartanto:

*“Ana meneh jadah jojoh, jadah wi teko ketan dimasak kelet kabeh maknane bene kelet raket nek seduluran”*

Kaliyan andharan saking Wisto Utomo:

*“Ana jadah e wi ngraketne nek seduluran koyo gane wong mantu kae lhombak enek jadahe bene raket”*

### 11.8. Gedhang Raja

Gedhang raja inggih menika jinising gedhang. Tembung “ged” wonten inggedhang menika keratabasa saking saged. Gedhang raja menika minangka pralambang “saged anampi dawuh paduka (raja)” ingkang tegesipun tiyang ingkang gesang sageda nampi



aturan-aturan gusti kang maha kuwaos (Rosiana, 2021:12)

Menika selaras kaliyan andharan saking Tri Hartanto:

*“Koyo gedang wi gedang raja, raja kui dununge neng pengeren dadimanambah neng pengeren”*

Kaliyan andharan saking Wisto Utomo:

*“Gedang raja wi wes mesti dadi syarat sajen mergo maksude dunungeraja wi marang gusti Allah”*

### 11.9. Jajan Pasar/Woh Asil Bumi

1

Jajan pasar menika jajanan ingkang dipuntumbas wonten ing peken. Lajeng woh asil bumi menika woh-wohan ingkang dipunpanen saking asil bumi. Jajan pasar/ woh asil bumi menika mboten wonten aturanipun. Jajan pasar menika minangka pralambang “kemasyarakatan” (Salikhin, 2022:7)

Menika selaras kaliyan andharan saking Tri Hartanto:

*“Ana jajan pasar yo wi wujud syukur simbol masayarakat bedo-bedo isomanunggal”*



Kaliyan andharan saking Wisto Utomo:

*“Tambahane mung jajan pasar simbol sesrawungan masyarakat”*

### 11.10. Sego giling

Sega giling menika wujudipun sekul pethak ingkang dipunbungkus mawi godhong gedhang saha dipunteukuk wonten ing pucukipun. Sego giling menika minangka pralambang wujud aturing sembah nuwun marang ingkang mbau reksa, utaminipun ingkang mbau reksa Wayang Beber Pacitan (Giri, 2010:22)

Menika selaras kaliyan andharan saking Tri Hartanto:

*“Ana sega giling wi khusus ge seng mbau rekso wayang “*

Kaliyan andharan saking Wisto Utomo:

*“Nah trus sego giling wi syarat ge seng mbau rekso wayang mba”*

### 11.11. Lilin

Lilin wonten ing sesaji menika mboten gadhah makna *simbolik* mligi, fungsi lilin wonten ing sesaji menika kangge pepadhang papan pagelaran Wayang Beber.

### 11.12. Dupa



Dupa utawi kemenyan ingkang dipunobong menika minangka pralambang ikrar utawi pratandha dipunwiwiti upacara tradisi pagelaran Wayang Beber.

Menika selaras kaliyan andharan saking Tri Hartanto:

*“Aja lali ana dupa ge miwiti wayangan”*

Kaliyan andharan saking Wisto Utomo:

*“Karo enek dupa ge miwiti wayang”*

### 11.13. Cengkir Gading

Cengkir gading menika wujudipun klapa ingkang taksih nem. Wonten ing jawi klapa menika wonten mapinten-pinten tataran wonten pangrembakanipun. Awit saking manggar (kembang), bluluk (ambil ingkang taksip pentil), cengkir (ambil ingkang taksih nem), lajeng pungkasanipun kambil ingkang sampun tua. Cengkir minangka kerata basa saking “kencenge pikir” tegesipun tiyang gesang menika kedah kenceng pikiranipun utawi temen tekadipun (Setyaningsih, 2015: 72) Wonten ing jawi kencenging pikir menika gayut kaliyan “rasa, karsa, laku”

Menika selaras kaliyan andharan saking Tri Hartanto:

*“Ana cengkir gading, cengkir ki klapa enom kae mbak, cengkir wi kencengpikir nek jare mbah-mbah ndisek”*



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

Kaliyan andharan saking Wisto Utomo:

*“Trus ana cengkir, cengkir I kambil nom maksud e kenceng pikir”*

#### **11.14. Kembang 7 rupa**

Kembang 7 rupa menika pralambang dados pepaes kangge ingkang mbau rekso (Pamungkas, 2023: 170) cacahing 7 werna minangka pralambang pitulungan, pitulungan menika saged awujud pitulungan gangsaring anggenipun nglampahi pagelaran Wayang Beber saha pitulungan gangsaring nglampahi sadaya hajad ingkang sae.

Menika selaras kaliyan andharan saking Tri Hartanto:

*“Karo kembange ge syarat cacahe ana 7 wi ge pepaes seng mbau rekso gek bene oleh pitulungan.”*

Kaliyan andharan saking Wisto Utomo:

*“Kembang 7 rupa ge pepaes seng mbau rekso mbak, nyapo cacahe 7 wi maknane pitulungan”.*

## 12. Lakon Wayang Beber Tawangalun, Pacitan

Wonten ing Wayang Beber Pacitan lakon ingkang dipuncariyosaken inggih menika lakon “Jaka Kembang Kuning”. Wayang Beber Pacitan menika wonten 6 gulungan ingkang kasusun saking 4 pejagong wonten ing saben gulungan, saengga jumlahipun wonten 24 pejagong. Ananging pejagong ingkang pungkasan inggih menika pejagong 24 mboten angsal dipunbikak. Wonten ing setunggal pagelaran wayang ingkang dipunbeber miturut kaliyan panyuwun saking ingkang kagungan hajat utawi nadzar.

Menawi 6 gulungan sadaya dipunbeber menika bektahaken wekdal kirang langkung 3 jam. Wonten ing panaliten menika panaliti namung saged nganalisis 14 pejagong awit saking pejagong ingkang dipunbikak wonten ingadicara ruwatan dusun karangtalun menika cekapipun wekdal ngantos pejagong 14. 14 pejagong menika antawisipun inggih menika.

## 12.1. Gulungan 1 Pejagong 1

Cariyos Gulungan 1 Pejagong 1: Ing sawijining dinten, Dewi Sekartaji putri prabu brawijaya kagungan pacangan ingkang paring asma Panji Asmarabangun putra Ki Demang Kuning ingkang namur dados Jaka Kembang Kuning. Wonten ing papan tebih sanesipun wonten satriya ingkang paring asma Raden Klana Sewandana, Raden Klana Sewandana menika tiyang ingkang sugih saha digdaya, Raden Klana Sewandana menika lajeng nglamar Dewi Sekartaji badhe dipunjumenengaken ratu wonten ing kratonipun.



Gambar 9  
Pejagong 1 (Dokumentasi Tri Hartanto)

Prabu Brawijaya lajeng ngawontenaken rerembugan

kaliyan Patih Arya Deksa Negara, para mantri, tumenggung, saha prawira. Dipunbiwarakaken bilih Dewi Sekartaji tindak saking kraton saha Prabu Brawijaya paring pawarta ngawontenaken sayembara sinten kemawon ingkang saged nepangaken Dewi Sekartaji kamangka dipunpendhet dados mantu bilih tiyang ingkang nepangaken menika jaler, saha dipunpendhet dados sedherek estri Dewi Sekartaji bilih ingkang nepangaken estri.

Salajengipun lumebet setunggal tiyang ingkang paring asma Jaka Kembang Kuning kaliyan kalih abdi kinasihipun inggih menika Nalanderma saha Tawangalun. Sanesipun wonten ing njawi kraton wonten gege geden katungka Kebo Lorodan minangka patih saking Raden Klana Sewandana ingkang badhe nglamar Dewi Sekartaji kange ratunipun Kebo Lorodan inggih menika Raden Klana Sewandana. Ananging amargi wekdal menika Dewi Sekartaji tindak saking kraton, lamaran menika dipunbatalaken rumiyin.

## 12.2. Gulungan 1 Pejagong 2

Wonten saklaras Cariyos Gulungan 1 Pejagong 2,

nalika ana sayembara kanggo madosi Dewi Sekartaji, Jaka Kembang Kuning lan kepanggihannipun disatunggaling 3 kasatriya kang ngersakaken suwita marang Jaka Kembang Kuning. Akanthi, sawise Jaka Kembang Kuning dipuntunani ing namur tindakan kang bisa njabani tanggel jawab ingkang ageng, Jaka Kembang Kuning ora nglampahi tindakan utawa nglajengaké lampahipun madosi Dewi Sekartaji.



**Gambar 10**

Gulungan 1 Pejagong 2 (Dokumentasi Tri Hartanto)

### 12.3. Gulungan 1 Pejagong 3

5

Cariyos Gulungan 1 Pejagong 3, wonten ing tindakipun Dewi Sekartaji manggen wonten dalemipun Tumenggung Cona Coni ing paluombo ingkang taksih lumebet wonten wilayahipun kraton Kediri.

Wonten ing papan menika Dewi Sekartaji dipunsingid awit saking Dewi Sekartaji mboten kersa dipunpundhut garwa kaliyan Raden Klana Sewandana.



**Gambar 11**

Gulungan 1 Pejagong 3 (Dokumentasi Tri Hartanto)

#### **12.4. Gulungan 1 Pejagong 4**



**Gambar 12**

Gulungan 1 Pejagong 4 (Dokumentasi Tri Hartanto)

5

Cariyos Gulungan 1 Pejagong 4, wonten ing lampahipun madosi Dewi Sekartaji, Jaka Kembang Kuning namur laku minangka pangrawit mradini, punakawan minangka niyaga saha Jaka Kembang Kuning ingkang nembang. Dewi Sekartaji ingkang ningali pagelaran karawitan menika saged mangestosi Jaka Kembang Kuning ingkang taksih namur. Semanten ugi Jaka Kembang Kuning mangertosi Dewi Sekartaji ingkang namur wekdal ningali pagelaran karawitan menika.

Kekalihipun sami ajeng-ajengan, awit saking menika tanggel Jawab Jaka Kembang Kuning madosi Dewi Sekartaji sampun rampung. Kekalihipun sami ngraketaken katresnan temu kangen anangingkekalihipun tetep ngreksa winadi wonten ing wekdal namur supados mboten wonten ingkang mangertosi. Utaminipun Raden Klana Sewandana.

## 12.5. Gulungan 2 Pejagong 5

5

Cariyos Gulungan 2 Pejagong 5, wonten ing gambar, Jaka Kembang Kuning panggih kaliyan Ki Demang Kuning saha paring pawarta bilih sampun manggihaken Dewi Sekartaji, Nalanderma dipunutus

menyang Pangreburan inggih menika kraton keputren ing Kediri kangge ngaturaken seserahan ingkang awujud gothak emas marang Retna mindaka sedherek estri saking Raja Kediri.



**Gambar 13**

Gulungan 2 Pejagong 5 (Dokumentasi Tri Hartanto)

Nalanderma kaliyan Ki Demang Kuning, Tawangalun ugi dipunutus madhep marang Raja Kediri saha paring pambiwara bilih Dewi Sekartaji sampun dipunpanggihaken.

### **12.6. Gulungan 2 Pejagong 6**

Cariyos Gulungan 2 Pejagong 6, Raden Klana Sewandana kemah wonten ing Alun-alun Kediri saha sampun mboten sabar nenggo pawarta Dewi Sekartaji. Salajengipun Raden Klana Sewandana ngutus Retno Tengarong rayinipun kangge ngaturaken seserahan kangge Dewi Sekartaji mawi

Retnamindaka ing Pangreburan. Ing wekdal menika Retno Tengarong kaliyan abdi kinasihipun Ni Pengilon saweg nenun.



**Gambar 14**

Gulungan 2 Pejagong 7 (Dokumentasi Tri Hartanto)

Seserahan ingkang dipunaturaken dening Retno Tengarong dipuntolak. Retno Tengarong lajeng nantang adu tanding.

## 12.7. Gulungan 2 Pejagong 8



**Gambar 15**

Gulungan 2 Pejagong 8 (Dokumentasi Tri Hartanto)

Cariyos Gulungan 2 Pejagong 8, Retna mindaka sarujuk kaliyan tantangan menika, kekalihipun sami ngagem ageman prajurit saha adu tanding ngginakaken perkakas pawon, perkakas nenun, saha wajan ingkang dados tamengipun.

### **12.8. Gulungan 3 Pejagong 9**

Cariyos Gulungan 2 Pejagong 9, Tawangalun dipunutus paring pawarta maring Raja Kediri bilih Dewi Sekartaji sampun kepanggih. Tawangalun mampir wonten ing Alun-alun Kediri ing papan singgahing bala tentara Kediri ing Tratembang lan papan singgahing bala tentara Raden Klana Sewandana ing Kedungrangga.



**Gambar 16**

Gulungan 3 Pejagong 9 (Dokumentasi Tri Hartanto)

Rawuhipun Tawangalun dipuntampi kaliyan Patih Arya Deksa Negara. Pawarta menika dipunmangertosi kaliyan Kebo Lorodan, lajeng Kebo Lorodan paring pawarta maring Raden Klana Sewandana bilih Dewi Sekartaji sampun kapanggihaken saha supados Raden Klana Sewandana saged ngatur siasat kangge menangaken sayembara.

### 12.9. Gulungan 3 Pejagong 10



**Gambar 17**

Gulungan 3 Pejagong 10 (Dokumentasi Tri Hartanto)

Cariyos Gulungan 3 Pejagong 10, Tawangalun dipundherekaken Patih Tandha Perwira Mantri Arya Deksa Negara madhep maring raja Kediri saha paring pawarta bilih Dewi Sekartaji sampun kapanggahikaen dening Jaka Kembang Kuning. Ananging Raden Klana

Sewandana sampun madhep maring raja Kediri langkung rumiyin.

Raden Klana Sewandana nagih janji ingkang sampun dipunikraraken dening Raja Kediri, semanten ugi Raja Kediri sampun kaiket janji bilih sinten mawon ingkang saged manggihaken Dewi Sekartaji badhe dipunpundhut dados mantu menawi jaler saha dipundadosaken sedulur wados saking Dewi Sekartaji menawi setri.

### 12.10. Gulungan 3 Pejagong 11



**Gambar 18**

Gulungan 3 Pejagong 11 (Dokumentasi Tri Hartanto)

Cariyos Gulungan 3 pejagong 11, Raden Klana Sewandana Sewandana ngutus Kebo Lorodan kangge

ngalahake Tawangalun saha Jaka Kembang Kuning ingkang sampun dangu nengga rawuhipun Nalanderma saha Ki Demang Kuning sampun ayem awit saking sampun wangsul kanthi selamet.

### 12.11. Gulungan 3 Pejagong 12

Cariyos Gulungan 3 Pejagong 12, Nalanderma paring pawarta bilih seserahan sampun dipunatampi kaliyan Retna mindaka, Jaka Kembang Kuning polahipun seneng ngantos joged-joged, Nalanderma ugi paring pawarta kahanan ingkang kadadosan wonten ing Kediri bilih raja Kediri ngersakaken perang tandhing saha ingkang menang saged dados garwanipun Dewi Sekartaji, Jaka Kembang Kuning lajeng bidhal dhateng Kediri saha lumebet wonten ing papan sayembara menika.



**Gambar 19**

Gulungan 3 Pejagong 12 (Dokumentasi Tri Hartanto)

## 12.12. Gulungan 4 Pejagong 13

Cariyos Gulungan 3 Pejagong 13, ing gelanggang tandhing antawis Kebo Lorodan lan Tawangalun, padha dipunwetengake. Raja Klana Sewandana, sawise mriksa kakuwatanipun Kebo Lorodan, milih tumrap ratusan prajurit kang nggadhahi nggawi Tawangalun. Ing gelanggang tandhing menika, Raja Klana Sewandana mbujuk Kebo Lorodan supaya ningali kahananipun kahanan Tawangalun.



**Gambar 19**


Gulungan 4 Pejagong 13 (Dokumentasi Tri Hartanto)

Nanging, Tawangalun, kang wonten ing posisi saka tanggul woneng prabu, tanggap menika lan sae meni, nyritakake Kebo Lorodan. Pungkasanipun, Kebo Lorodan

menang kaliyan cekak Tawangalun, sing pethak kanggo urip marang tatu kang ageng lan pungkasanipun dhaptaraken kanggo dipunobati. Tawangalun ingkang kalah kasekten kenging tatu ingkang ageng saha kedhah dipunobati rumiyin.

### **12.13. Gulungan 4 Pejagong 14**

Cariyos Gulungan 4 Pejagong 14, Jaka Kembang Kuning mandhap wonten ing gelanggang lajeng perang tandhing lawan kebolorodan. Tawangalun dipunbopong kaliyan Nalanderma wonten ing katumengunggan supados dipunobati. Tumenggung Cona Coni ingkang ningali Nalanderma mbopong Tawangalun, kaget lajeng ngrumat Tawangalun kanthi sae.



**Gambar 20**

Gulungan 4 Pejagong 14 (Dokumentasi Tri Hartanto)

## 12.14. Gulungan 4 Pejagong 15

Cariyos Gulungan 4 Pejagong 15, Jaka Kembang Kuning saha Kebo Lorodan perang tandhing, perang tandhing menika dipunsekseni kaliyan Prabu Brawijaya saha Dewi KJilisuci sarta patihipun. Wonten ugi Raden Klana Sewandana sarta punggawanipun jangkep. Tumenggung cona-coni saha Ki Demang Kuning ugi nyekseni perang tandhing kalawau. Kebo Lorodan kaliyan dewa ingkang rumeksa Kebo Lorodan ingkang wujudipun endhas kebo. Semanten ugi Jaka Kembang Kuning dipunreksa kaliyan dewa ingkang rumekso Jaka Kembang Kuning.




**Gambar 21**

Gulungan 4 Pejagong 15 (Dokumentasi Tri Hartanto)

Wonten ing perang tandhing menika Jaka Kembang Kuning menang numpas Kebo Lorodan. Raden Klana Sewandana ngamuk saha paring pawarta perang tandhing kaliyan Kraton Kediri saha temen-temen kersa garwa Dewi Sekartaji.

### **12.15. Gulungan 4 Pejagong 16.**



**Gambar 22**

Gulungan 4 Pejagong 16 (Dokumentasi Tri Hartanto)

Cariyos Gulungan 4 Pejagong 16, perang tandhing sampun rampung, saha kekalihipun prajurit siaga kangge perang, Raja Kediri ngutus Gondoreka, putranipun tindak wonten Kademangan kangge nyuwun bala bantuan. Ki Demang Kuning ugi sarujuk kangge nguatake bala prajurit

Kediri.

### 12.16. Gulungan 5 Pejagong 17



**Gambar 23**

Gulungan 5 Pejagong 17 (Dokumentasi Tri Hartanto)

Cariyos Pejagong 5 Gulungan 17, Raja Kediri ugi dawuhi Senopati Sedhahromo kange nyuwun bala bantuan maring Tumenggung Palo Ombo saha dawuhi Dewi Sekartaji supados wangsul wonten Kediri, wonten ing papan sanesipun Tawangalun sampun saras malih, Sedhahromo ugi sampun ngaturaken keris sekti saha pusaka klambi perang ingkang badhe dipunngginakaken kaliyan Tawangalun kange perang tandhing mungsuh prajurit Klana. Sampun dados pepesthen menawi Tawangalun ingkang saged mejah Raja Klana Sewandana.

## 12.17. Gulungan 5 Pejagong 18

Cariyos Gulungan 5 Pejagong 18, Sadangunipun nenggo pecahing perang tandhing, Raja Klana Sewandana ngatur siasat caranipun supados mangertos Dewi Sekartaji menika remen manapa mboten, mbok bilih remen Dewi Sekartaji Badhe dipunboyong.



**Gambar 24**

Gulungan 5 Pejagong 18 (Dokumentasi Tri Hartanto)

Gulungan 5 Pejagong 18 nggambareke crita kang Prabu Klana Sewandana nggunakake siasat supaya Dewi Sekartaji tresna marang dheweke. Ing upaya ngrayu Dewi Sekartaji, Prabu Klana Sewandana nggunakne kedadeyan perang tandhing minangka kesempatan. Ing swasana konflik, dheweke ngrancang serangkaian langkah kango ngematake Dewi Sekartaji supaya seneng karo dheweke.



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

Prabu Klana Sewandana ngaturake macem-macem strategi supaya Dewi Sekartaji bisa mujudake kabecikan lan kaendahane, lan kanthi mangkono nuwuhake rasa tresna ing dheweke. Nanging, upaya kasebut ora kasil, lan Dewi Sekartaji isih ora kepincut karo kemajuan Prabu Klana Sewandana.

Andharan crita iki nyritakake upayane Raja Klana Sewandana ngadhepi tantangan lan konflik kanggo nggayuh cita-citane, yaiku ndadekake Dewi Sekartaji tresna marang dheweke. Sanajan rencanane kebak trik lan siasat, nanging ora kasil mbujuk Dewi Sekartaji. Iki nuduhake tekade Dewi Sekartaji lan uga keteguhane Prabu Klana Sewandana anggone ngudi katresnane

### **12.18. Gulungan 5 Pejagong 19**

Cariyos Gulungan 5 Pejagong 19, Wonten ing Kebun Pangkuran Sekartaji lelenggahan dipundherekaken dhayang-dhayangipun. Gondoreko ingkang palsu lumebet wonten ing taman saha pepanggihan kaliyan Dewi Sekartaji, Dewi Sekartaji rumaos menawi ingkang dugi menika sanes Gondoreko ingkang asli awit saking ambunipun ingkang benten, Sekartaji lajeng ngunus keris.



**Gambar 25**

Gulungan 5 Pejagong 19 (Dokumentasi Tri Hartanto)

Raja Klana Sewandana mangertos Dewi Sekartaji saktemeneipun mboten remen marang piyambakipun. Awit saking menika mboten wonten dalan sanes kangge nggarwa Dewi Sekartaji kajaba perang tandhing awit saking anggenipun namur dipunmangertosi dening Raden Gondoreko ingkang asli.

### **12.19. Gulungan 5 Pejagong 20**

Gulungan 5 Pejagong 20 nyritakake kedadeyan perang tandhing nalika prajurit Raden Klana nglawan Kraton Kediri. Ing perang iki, kabeh prajurit lan pejabat kraton Kediri wis siyap banget. Ing madyaning paprangan, kacetha yen Tawangalun, pusaka Kraton Kediri, kakuwasane Raden Klana.

Bab iki nuwuhake rasa kuwatir amarga Tawangalun diprecaya nduweni daya gedhe lan minangka pralambang kekuatan Kraton Kediri. Ing kawontenan ingkang kados mekaten, perlawananipun Raden Klana sansaya tantangan amargi sampun kasil nguwasani Tawangalun.

Tegese, ing kahanan perang tandhing, prajurit Raden Klana kudu ngadhepi wadyabala Kraton Kediri sing dipimpin kanthi becik lan ing ngendi Tawangalun, lambang kakuwasan utama Kraton Kediri, ana ing sangisore Raden Klana.



**Gambar 26**

Gulungan 5 Pejagong 20 (Dokumentasi Tri Hartanto)

Cariyos Gulungan 5 Pejagong 20, perang tandhing pecah, prajurit Raden Klana lawan Kraton Kediri, sadaya prajurit saha para punggawa kraton dipundawuhi wonten

ing perang tandhing menika, ing wekdal menika Tawangalun ngasta pusaka pamungkas Kraton Kediri,saha saged numpas Raden Klana awit saking sampun katulisna menawi namung Tawangalun ingkang saged dipunpejah Raden Klana.

### **12.20. Gulungan 6 Pejagong 20**

Cariyos Gulungan 6 Pejagong 20, sabibaripun prajurit Raja Klana Sewandana kalah saha ratunipun gugur ing perang tandhing, Gondoreko dipuntulungi kaliyan Tawangalun, saha Nalandarma dipundhawuhi boyong putri-putri Raja Klana Sewandana wonten ing Keputren Kedungronggo lajeng dipunboyong wonten Kraton Kediri..



**Gambar 27**

Gulungan 6 Pejagong 20 (Dokumentasi Tri Hartanto)

Gondoreko tumeka saha pepanggihan kaliyan Dewi Sekartaji lajeng paring pawarta menawi Raja Klana Sewandana sampun gugur saha prajuritipun sampun kalah. Retno Tenggarong kepanggih Gondoreko lajeng kesengsem awit saking penggalihipun remen kaliyan Gondoreko

### 12.21. Gulungan 6 Pejagong 21



**Gambar 28**

Gulungan 6 Pejagong 21 (Dokumentasi Tri Hartanto)

Cariyos Gulungan 6 Pejagong 21, Gondoreko boyong putri putri Raja Klana Sewandana madhep Jaka Kembang Kuning wonten ing gubug perang. Retno Tenggarong nyuwundhumateng Jaka Kembang Kuning supados dipunjodohaken kaliyan Gondoreko, salajengipun

Jaka Kembang Kuning, Patih Arya Deksa Negara, lan Tawang Alun mawanti-wanti badhe boyong putri putri madhep Raja Kediri.

## **12.22. Gulungan 6 Pejagong 22**

Cariyos Gulungan 6 Pejagong 22, Raja Kediri angsal pawarta pejahipun Raja Klana Sewandana lan kamenanganipun saking prajurit Kediri ingkang saged mikul mundhur mungsuhipun. Raja Kediri bungah mirengaken pawarta menika saha netepi janjinipun kangege jodohaken Sekartaji kaliyan Jaka Kembang Kuning. Raja Kediri paring dhawuh supados enggal nyamektakakenadicara pawiahan.



**Gambar 29**

Gulungan 6 Pejagong 22 (Dokumentasi Tri Hartanto)

### 12.23. Gulungan 6 Pejagong 23



**Gambar 30**

Gulungan 6 Pejagong 23 (Dokumentasi Tri Hartanto)

Cariyos Gulungan 6 Pejagong 23, Sekartaji dipunpaes dening Dewi Kilisuci sedherek estri Ratu Kediri, minangka dukun manten saha kasil nyumunar cahyaning pinanganten Dewi Sekartaji kanthi rikma ingkang ngandhan-ngandhan, Dewi Kilisuci paring mapinten-pinten nasihat marang Dewi Sekartaji kangge sangunipun nglampahi bebrayan ageng.

### 12.24. Gulungan 6 Pejagong 24 (Pejagong 24)

Pejagong 24 menika sakral saha mboten angsal dipunbikak, saged dipundhudhut utawi pamanggih saking mapinten-pinten pepanthan sahapanaliti inggih menika



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

adicara pawiwahan Jaka Kembang Kuning kaliyan Dewi Sekartaji lumaksana kanthi regeng, menawi sampun wekdalipun wonten ingdinten ingkang sae Dewi Sekartaji dipunboyong tumuju Jenggala.

### **13. Paedahipun Tradisi Wayang Beber Kangge Masyarakat**

Wayang Beber saged dipungelar kangge hajat ingkang sae lan nadzar, tolak bala, amargi bilih Wayang Beber dipungelar kangge hajat ingkang ala, menika bakal dugikaken bala kangge trah keturunan ingkang nyepeng wayang.

Wayang Beber Pacitan kedah dipunwuwuhi wulu merak wonten ing salebeting gothak kangge ngrumat Wayang Beber lan kedah dipungantos setahun sepindah. Wuwuhan wulu merak menika kangge rumeksa kertas daluang ingkang dados media Wayang Beber. Wulu merak menika dadosaken kertas daluang awet mboten kengeng kewan.

Wayang Beber Pacitan menika yuswanipun sampun ngantos atusan warsa ananging taksih sae, miturut andharan saking Tri Hartanto, saben-saben wonten suwekan Wayang Beber menika mboten ngantos mandhap dugi lemah amargi suwekan menika langsung telas lan ical



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

sak derengipun mapak wonten ing lemah.Wayang beber wonten ing Dusun Karangtalun, Desa Gedopol, Kecamatan Donorojo, Kabupaten Ponorogo menika kawiwitan dipungelar wontening tingkeban Jaka Tingkir mboten pesthi warsaipun. Tradisi menika wajib setunggal warsa sepindah dipungelar womten ing sasi sura kangege mangeti dinten miyosipun dewi sekartaji. Masyarakat karangtalun pitados bilih tradisi pagelaran wayang beber menika saged dados sarana ruwat, sarana *hajad, nadzar* ingkang saemaring Gusti Allah S.W.T. Sanesipun tradisi pagelaran Wayang Beber Pacitan menika saged dipunraosaken kaliyan masyarakat antawisipun paedah sosial, kabudayan, saha pariwisata.

Wayang Beber Pacitan duwe pamadegan sawise tradhisi lan kawruh ingkang pungkasan saking aturan kangege nglingkupi budaya, agami, sosial, lan pariwisata <sup>22</sup> ing **Dusun Karangtalun, Desa Gedopol, Kecamatan Donorojo, Kabupaten Ponorogo.** Tradhisi **Wayang Beber Pacitan** menika salah sawijining tradisi kang wajib ditemtani setiap warsa sesarengan sasi sura kangege ngerti momen kang spesifik kangege Dewi Sekartaji. Masyarakat Karangtalun menggolongake tradhisi pagelaran wayang



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

beber menika kasedhapan kange nyeratani urusan ruwat, urusan hajat, nadzar kang pese kabeh menika menyang Gusti Allah S.W.T. Sakawruhake tradhisi pagelaran Wayang Beber Pacitan kasedhapan kawruh budaya, sosial, lan pariwisata ing dhalaning masyarakat.

Wonten dhalaning kawruh sosial, Wayang Beber Pacitan ngembangakenn hubungan sosial masyarakat Karangtalun nalika nglekseni wayang beber nalika waras. Ingkang kagungan peran mesti warsa sepindah wayang dipunlaksanakake menika ngurip-ngurupi wewatesan sosial masyarakat Karangtalun. Kawruh budaya Wayang Beber Pacitan menika nuduhake sumber pamiarsa kang dadi penggerak hubungan masyarakat Karangtalun. Kanalika kawruh budaya menika minangka panggerak keprihatinan masyarakat Karangtalun kang temanten, kempal, sarengan, kanthi wewatesan sosial kang dadi panggerak masyarakat Karangtalun nalika wayang beber dipunlaksanakake.

Wonten ing bidang sosial Wayang Beber Pacitan paring paedah saged nambah rumaket hubungan sosial masyarakat saking dusun karangtalun, awit saking anggenipun nyamektakaken pagelaran menika gotong

royong saking warga masyarakat karangtalun. Anggenipun nyamektakaken Uborampe menika tanggel Jawab sesarengan sanes setunggal tiyang mawon, kahanan menika ingkang dadosaken rumaketing hubungan saking masyarakat karangtalun. Sanesipun anggenipun nglampahi pagelaran menika sadaya masyarakat karangtalun sami nyawiji ningali pagelaran wayang beber, wekdal menika sadaya masyarakat karangtalun saged kempal manunggal lan sesrawungan kanthi sae setunggal kaliyan sanesipun.

Wonten dhalaning kawruh budaya, Wayang Beber Pacitan duwe pamadegan kanggo nglestarake budaya Jawa kang sampun kadaftar, kang dadi salah siji pawiwara kang waras. Tradhisi menika minangka panggerak kanggo pamarentah budaya Jawa kang dados wong tuwa, dipunlakukan kanthi gegayutan kangge nggampangaken kawruh budaya Jawa. Ingkang kagungan budi kanggo pelestarian budaya Jawi kang sampun sedaya. Dadi, tradhisi menika minangka panggerak kanggo peneng pamekaran budaya kanggo generasi sakbener ingkang dados sumber pamekaran budaya jawi.

Wayang Beber Pacitan menika sampun cetha

lumebet wonten ing babagan budaya, saengga salah satunggal paedah ingkang saged dipunraosaken kaliyan masyarakat karangtalun menika salah satungalipun saged nguri-nguri budaya jawi ingkang sampun sansaya surut. Tradisi menika saged kange nepangaken budaya jawi kaliyan kawula enim generasi ingkang nerusaken wayang beber wonten ing mangsa ngajeng.

Dhalaning dhalaning pariwisata, Tradhisi Wayang Beber Pacitan minangka salah sawijining peningkatan sumber pariwisata kanggo Kabupaten Ponorogo. Tradisi menika mung sami kajaba langkung manut masyarakat Karangtalun, wong lokal, nganti wong sepih mupakat kang wus janten dumugi karya sastra jawi kang kadaftar, kang waras ingkang sampun kadaftar ingkang ngadani. Wonten ingkang kepingin tau wayang beber menika wonten ugi ingkang badhe nangkat tradhisi menika. awit saking tradhisi menika sami ugi sami dados pangkeramat kanggo sami panggyianto ngelakoni wayang beber. Kajaba sami saking tradisi menika saged dados sajian tur suarane punika dadi pangakuan kanggo pariwisata Ponorogo.

Tradisi Wayang Beber Pacitan menika



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

pamirsanipun mboten namung saking masyarakat karangtalun, pamirsa saking pagelaran menika saged saking tiyang tebih, saking tiyang lokal ngantos dumugi tiyang luar ingkang kersa ningali tradisi wayang beber ingkang sakral menika. Tiyang-tiyang ingkang sami ningali wayang beber menika gadhah kathah ancas lan pawadan ingkang benten- benten. Wonten ingkang namung kepengen mangertosi wayang beber menika wonten ugi ingkang badhe naliti wayang beber utawi kagungan hajat/nadzar ingkang kedhah dipunlampahi. Awit saking kathahipun pamirsa menika saged dados paedah wonten ing bidang pariwisata.

Tradisi Wayang Beber Pacitan menika ngginakaken Uborampe khas kejawen sampun turun tamurun, ananging wonten ing lampahingadicara menika ngginakaken syariat islam lan ngginakaken doa islam saha wujud manembah marang Gusti Allah S.W.T. Akulturasi menika ingkang dadosaken wayang beber saged paring paedah marang *bidang* agami awit saking wayang beber menika saged jumbuhakenn raos syukur, manembah marang Gusti Allah. S.W.T mawi pagelaran wayang beber.



## 14. Dudutan

Adhedhasar saking panaliten *Folklor Non Lisan Tradisi Wayang Beber* <sup>3</sup> *Dusun Karangtalun, Desa Gedopol, Kecamatan Donorojo, Kabupaten Pacitan*, asiling panaliten menika antawisipun sujarah *tradisi Wayang Beber Pacitan*, Uborampe wonten ing Wayang Beber Pacitan, lakon Wayang Beber Pacitan.

*Folklor* ingkang ngrembaka wonten ing Wayang Beber Pacitan. Awit saking menika saged dipunpendhet dudutan antawisipun:

- a. Tradisi pagelaran Wayang Beber Jaka Kembang Kuning menika wonten ing Dusun Karangtalun, Desa Gedopol, Kecamatan Donorojo, Kabupaten Pacitan.
- b. Tradisi pagelaran Wayang Beber Jaka Kembang Kuning Pacitan menika kawiwitan wekdal tingkeban Jaka Tingkir. Saha dipungelar wajib setunggal warsa sepindah ing sasi sura kangge mangeti dinten miyosipun dewi sekartaji. Pagelaran sanesipun saged wonten dinten menapa kemawon mboten wonten aturanipun.



c. Wonten ing warsa 2022, tradisi pagelaran Wayang Beber Pacitan dipuntindakaken ing dinten Selasa, 16 agustus 2022. Adicara ingkang dipuntindakaken menika minangka ruwatan Wayang Beber dusun karangtalun sesarengan kaliyan HUT RI ingkang kaping 77. Adicara kawiwitan tabuh 19.00 kanthi titi laksana waosan albarzanji, tarian anak, kirab Wayang Beber sahaadicara utama inggih menika pagelaran WayangBeber.

Uborampe ingkang dipunbektahaken wonten ing tradisi pagelaran WayangBeber Pacitan inggih menika:

- a. Sego golong 7 jodho. Sego golong 7 jodho minangka pralambang tekad ingkang temen ingkang golog gilig. Tiyang jawi wastani menika “tekad ingkang gumolog dadi sawiji”. Sego golong 7 jodho menika ancasipun dados pakurmatan marang gusti kang akarya jagad, pasaran 5, dina 7, sasi rolas, warsa wolu, saha windu papat. Cacahing dina wonten 7 (senin, selasa, rebu, kemis, jum’at,sabtu, minggu) saha cacahing dina pasaran ana 5 (Pon, Wage, kliwon, legi, pahing).
- b. Ingkung, ingkung minangka pralambang tiyang ingkang gesang wonten ingalam dunya menika kedah manembah marang Gusti Allah S.W.T saha ngekernepsi ingkang

ala.

- c. Sego golong 3 urap, minangka pralambang 3 tataran kasampurnaning tiyang islam inggih menika islam, iman, saha ihsan. Urap menika wujudipun sayuran saking kacang panjang, bayem, kangkung, cambah, kluwih saha wonten sambel urap. Sambel urap saking kambil ingkang dipunparingi bumbu. Urap menika minangka pralambang “urip”. Sayur wonten ing urap menika wonten kacang panjang minangka pralambang tiyang gesang kedah mikir dawa wonten ing sadaya lampahipun. Bayem minangka pangajab kaparingan ayem tentrem gesang wonten ing alam dunya. Kangkung minangka pralambang dipunkungkung/ dipunreksa saking bala saha sadaya barang kang ala. Cambah minangka pralambang jumbuhing sadaya kasaenan. Kluwih minangka pralambang pangjab sae lumebering kaluwihan saha kaunggulan.
- d. Jenang putih abang, minangka pralambang jenang abang minangka pralambang tiyang gesang ingkang lair kagungan biyung 1 ingkang kedah dipunkurmati. Menawi jenang putih wujudipun sekul pethak ingkang dipunselehaken wonten ing ciri, jenang putih menika minangka pralambang tiyang gesang lair ugi kagungan bapa ingkang kedah dipunkurmati.

1

- e. Arang-arang kambang, minangka pralambang tiyang gesang sami manuwun manembah dhmateng Gusti Allah S.W.T kanthi panyuwun ingkangmaneka warna.
- f. Jenang sengkala, minangka pralambang nolak sakabehing sengkalautawi bala saha niyat ala ingkang badhe tumeka.
- g. Jadah jojoh, minangka pralambang raketing anggenipun sesrawungan kaliyan tiyang sanes, saged raketing gayutan wonten ing palakrama, raketing gayutan wonten ing saduluran saha raketing gayutan wonten ing *masyarakat*.
- h. Gedhang raja, minangka pralambang “saged anampi dawuh paduka (raja)” ingkang tegesipun tiyang ingkang gesang sageeda nampi aturan-aturan gusti kang maha kuwaos.
- i. Jajan pasar/ woh asil bumi, minangka pralambang “kemasyarakatan”
- j. Sego giling, minangka pralambang wujud aturing sembah nuwun marang ingkang mbau reksa, utaminipun ingkang mbau reksa Wayang Beber Pacitan.
- k. Lilin, menika mboten gadhah makna khusus. fungsi lilin wonten ing sesaji menika kangge pepadhang papan pagelaran Wayang Beber.

1. Dupa, minangka pralambang ikrar utawi pratandha dipunwiwitiupacara tradisi pagelaran Wayang Beber.
- m. Cengkir gading, minangka pralambang Cengkir minangka kereta basa saking “kencenge pikir” tegesipun tiyang gesang menika kedah kenceng pikiranipun utawi temen tekadipun. Wonten ing jawi kencenging pikir menika *orientasinipun* wonten ing “rasa, karsa, laku”
- n. Kembang 7 rupa, minangka pralambang dados pepaes kangege ingkang mbau rekso saha cacahing 7 werna minangka pralambang pitulungan, pitulungan menika saged awujud pitulungan gangsaring anggenipun nglampahi pagelaran Wayang Beber saha pitulungan gangsaring nglampahi sadaya hajat ingkang sae.

Lakon Jaka Kembang Kuning wonten ing Wayang Beber Pacitan menika nyariyosaken:

- Gulungan 1 : *adegan* jejeran kraton kediri, *adegan* harga lawu, *adegan* katumenggungan paloamba, *adegan* pasar katumenggungan.
- Gulungan 2 : *adegan* kademangan kuning, *adegan* pangleburan, *adegan* terate bang, *adegan* tawangalun.
- Gulungan 3 : *adegan* kraton kediri, *adegan* ing pesanggrahan, *adegan* kademangan kuning, *adegan* Alun-alun Kediri.



- Gulungan 4 : *adegan* Jaka Kembang Kuning rawuh ing kediri, *adegan* nalanderma perang tandhing kalih kebo lorodan, *adegan* tumenggung cona- coni nulung tawangan, *adegan* patih maringi panah pasopati
- Gulungan 5 : *adegan* ing pesanggrahan, *adegan* wonten ing taman kediri, *adegan* rawuhipun raden gondarepo, *adegan* Alun-alun Kediri perang tandhing antawis Prabu Klana Sewandana saha Tawangan
- Gulungan 6 : *adegan* lumampah menyang kediri, *adegan* kraton kediri, *adegan* ijab dewi sekartaji, saha tancep.

*Folklor* ingkang ngrembaka wonten ing wayang beber Pacitan menika antawisipun:

Paedah ingkang saged dipunraosaken dening masyarakat karangtalun saking tradisi pagelaran Wayang Beber menika antawisipun wonten ing bidang sosial, bidang kabudayan, bidang pariwisata, saha bidang agama.

## 15. Pitutur Warisan Lan Pengelolaan Wayang Beber Pacitan

Silsilah Pemilik Wayang Beber Karangtalun. Wayang lawas saka Kerajaan Majapahit sing dikeramat-keramati, utamane dikenal karo Wayang Beber Pacitan. Ing kutha iki ana sing nuduhake iki wayang karebet, ana saben sing nuduhake wayang buyut. Walaupun mligi ngarep wis ana tulisan kanggo njupuk, nanging ora ana babat liyan, sampeyan bisa nemokake tulisan iki dadi saben siki bisa nuduhake fakta sejarah kanggo ndeleng.



Gambar 31

Silsilah Ahli Waris Wayang Beber Tawangalun



Silsilah Pemilik Wayang Beber iki duduwe sumber saka para sesepuh dusun, salah sijine Ki Sarmadi, saksi sing duduwe saham karo ahli waris/pemilik Wayang Beber. Ki Sarmadi uga duduwe tugas minangka dhalang Wayang Kulit, sing cucu saka Ki Gunorejo. Dalam urutan silsilah pemilik, Ki. Gunorejo duduk ing urutan ke-9, nderek iki urutan menurut ceriterane:

1. Ki. Nolondremo  
↓
2. Ki. Singononggo (Adik Nolondremo)  
↓
3. Kaki Onggo  
↓
4. Ki. Trunodongso  
↓
5. Ki. Citrowongso  
↓
6. Kyai Gondo  
↓
7. Kyai Setrolesono  
↓
8. Kyai Gondo  
↓
9. Ki. Guno Kariyo  
↓
10. Ki. Guno Rejo (Putra Guno Kariyo)  
↓
11. Ki. Guno Yoso (Putra Guno Kariyo/Adik Gunorejo)  
↓



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

12. Ki. Mangun (Putra Guno Yoso)  
↓  
13. Tri Hartanto (Putra Mangun) Sekarang

Beliau ngomongake yen urutan ing catetan sejarah sing wis ana, duduwe banget mlebu, kaya sing dirobahake dening kakek beliau, Ki Gunorejo. Ing ngisor iki ceriterane sing bisa kita gali:

Ki Citrowongso, Ki Gunorejo, lan Ki Gunoyoso kabeh ora disebut ing sumber silsilah. Ki Citrowongso ana ing Silsilah ke-4, wong Poro (Saiki jadi wilayah Desa Tlogosari, Kecamatan Giritontro). Ceriterane, Ki Sarmadi nuduhake yakuwi keturunan Ki Citrowongso inilah sing njaluk Wayang Beber supaya mlebu ing dusun Karangtalun amarga ana hubungan perkawinan (baca: asal usul dusun Karangtalun).

Ana kisah pahlawan menawa kanggo Ki Citrawangsa iki, yaiku Kisah Balai Kambang lan Kayu Jati sing saiki dumadi para wong Poro ngrasakake manungsa saiki. Sumber liyane nuduhake yen Ki Citrawangsa iku prajurit Majapahit sing nuntut ilmu kanuragan lan pindhah ing Poro.

Dening Ki Gono Kariyo (mbah Kidud) nuduhake ing urutan ke-9, beliau putra Ki Guno Kariyo sing nyambut tugas Dhalang Wayang Kulit. Wonten Ki Guno Kariyo, lanang sing saged melu menika iki Ki Guno Yoso (urutan ke-10) lan ing jamanipun iki pementasane mung melayani pedhalangan ruwatan mung dene dadi Ki Guno Yoso (silsilah ke 11).

Masa Peralihan Dhalang Wayang Beber. Riwayat Peralihan Dhalang terjadi nalika zaman Ki Guno Kariyo. Ki Sarmadi nuduhake yen Ki Guno Kariyo iku dhalang kang duwe peran ganda, yaiku Dhalang Wayang Kulit lan Dhalang Wayang Beber.

Ing jaman iki, jadwal kegiatan/pedhalangan saka wayang loro iki padhet banget, banjur Ki Guno Kariyo ngajari carane pedhalangan Wayang Beber menyang Pengendang (Tukang Kendang) beliau, sing jenengé Ki Posetiko. Sawise mahir dhalang menika, pedhalangan Wayang Beber diwenehi menyang Ki Posetiko. Nanging, Ki Sarmadi nggarisaké ing ngene bisa diwenehi alesan yen Ki Posetiko iki mung dibukakaké hak pakai dening Ki Guno Kariyo, ora hak milik utawa sahé sing dititahaké ing ngisoré.



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

Akan tetapi, sawisé Ki Posetiko padha mrih tumindak dhateng putra lan cucuné, ing ngisor iki urutan dhalang Wayang Beber sawisé Ki Guno Kariyo.

Ki. Posetiko (Tukang Kendang Ki Guno Kariyo)



Ki. Sarnen (Putra Ki Posetiko)



Ki. Sumardi (Putra Sulung Ki Sarnen)



Ki. Supani (Menantu Nyi Sarijem (Putri Putungé Ki Sarnen))

Saking Ki Sumardi, Wayang Beber diserahaké pitulungan menika menyang ahli waris/pemilik sah Wayang Beber, yaiku Ki Mangun (urutan ke-13). Amarga Ki Sumardi ora ana putra lanang, sing jenengé yaiku syarat utama kanggo menerusake pedhalangan menika. Maka patut Wayang diwenehi manawi manawa supados diserahkan menika menyang ahli waris sing sah. Ki Mangun saiki aktif minangka dhalang pengruwatan. Pedhalangan ingkang pancene mangertení pedhalangan Wayang Kulit tanpa kunggah alat musik gamelan lan mung nganggo beberapa wayang wadon. Wayang sing dianggo pedhalangané Ki Mangun iki minangka

wayang-wayang lawas saka Ki Guno Kariyo sing dianggеп keramat.

Menawi kajaba iku, kegiatan Pedhalangan Wayang Beber saiki diserahaké menika menyang Tri Hartanto (Putra saka Ki Mangun utawa Generasi ke-14). Tri Hartanto iki nganggo Wayang Beber Asli sing iku Karya Gedhe Pelukis saka Kerajaan Majapahit sing terkenal yaiku Sungging Parbu Prabangkara (Sungging Prabangkoro), putra saka Prabu Brawijaya ke IV.

Wayang menika wis becik awit luwih saka 700 taun. Ing liyan, kegiatan pedhalangan wayang beber uga dilakoni dening Ki Supani sing didukung dening Ki Sumarno saudara saka Ki Sumardi. Markasé ana ing rumah Ki Sumarno ing Dusun Jlubang. Ki Supani iki nyuda menika saka Nyi Sarijem (Putri Punggungé Ki Sarnen). Ing pedhalangané Ki Supani iki nganggo Wayang Beber Duplikat sing iku hasil karya Musafik pelukis saka Klaten.

Ing mangkono ana dualisme ing pedhalangan Wayang Beber menika, lan iki nduweni semangat anyar kanggo ngagem melestarikan pedhalangan Wayang Beber.



3

Ing sainé ora entuk, kita terus nyoba nggali potensi sing ana ing **dusun Karangtalun, Desa Gedopol, Kecamatan Donorojo, Kabupaten Pacitan, Provinsi Jatim.**

Miturut Tri Hartanto minangka ahli waris lan ingkang rumeksa Wayang Beber Pacitan, kathah bab ingkang kedah dipunwigatosaken saking Wayang Beber lan kedah dipuntindakaken, antawisipun:

- a. Wayang Beber Pacitan saged dipugelar dinten menapa mawon lan dinten pasaran menapa mawon bebas mboten wonten aturan. Ananging Wayang Beber Pacitan kagungan wekdal khusus ing wulan sura dipungelar kangge acara ruwatan saha mangeti dinten miyosipun dewi sekartaji ing sasi sura.
- b. Wayang Beber Pacitan kedah dipuncepeng lan dipunreksa kaliyan trah keturunan langsung saking Ki Nalanderma ingkang putra pembarep utawi tiyang ingkang sampun angsal amanat kangge rumeksa Wayang Beber menika.
- c. Wayang Beber namung saged dipunbikak kaliyan trah keturunan ingkang sampun dipunamanati, proses bikak gothak menika ugi wonten sesajenipun. Menawi mboten jangkep sesajen menika wayang mboten saged



dipungelar lan kathah alangan ingkang kadadeyan wekdal pagelaran.

- d. Wayang Beber namung saged dibukak kaliyan trah keturunan ingkang sampun dipunamanati rumeksa wayang menika. Wekdal bikak wayang wonten tetembungan-tetembungan saking trah keturunan kala wau. Wujuding tetembungan namung mediasi kados lumrahipun lan ngginakaken basa jawi lumrahipun ananging tetembungan menika dipunlampahi kaliyan trah keturunanipun.
- e. Wayang Beber saged dipungelar kangge hajat ingkang sae lan nadzar, tolak bala, amargi bilih Wayang Beber dipungelar kangge hajat ingkang ala, menika bakal dugikaken bala kangge trah keturunan ingkang nyepeng wayang.
- f. Wayang Beber Pacitan kedah dipunwuwuhi wulu merak wonten ing salebeting gothak kangge ngrumat Wayang Beber lan kedah dipungantos setahun sepindah. Wuwuhan wulu merak menika kangge rumeksa kertas daluang ingkang dados media Wayang Beber. Wulu merak menika dadosaken kertas daluang awet mboten kengeng kewan.



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

- g. Wayang Beber Pacitan menika yuswanipun sampun ngantos atusan warsa ananging taksih sae, miturut andharan saking Tri Hartanto, saben-saben wonten suwekan Wayang Beber menika mboten ngantos mandhap dugi lemah amargi suwekan menika langsung telas lan ical sak derengipun mapak wonten ing lemah.

## Kapustakan

16

Ahmadi, Y. (2020) *Wayang Beber Remeng Mangunjaya di Gelaran, Gunung Kidul Dalam Kajian Hermeneutika*. Yogyakarta: Universitas Negeri Yogyakarta.

Cahyati<sup>6</sup>, Fitria, Almaffaza M., dan J. (2023) ‘Masyarakat, Nilai-Nilai Dalam Tradisi Bara’an: Perspektif Bengkalis, Desa Kembung Baru Kecamatan Bantan Kabupaten’, *Jurnal Al-Kifayah: Ilmu Tarbiyah dan Keguruan*, 2(2), pp. 298–306.

Danandjaja, J. (1986) *Folklor Indonesia*. Jakarta: Grafiti.

Dharsono (2015) *Estetika Nusantara*. Surakarta: ISI Press.

Dundes, A. (1968) *The study of Folklore*. Englowood Cliffs: Prentice-Hall.

11

Endraswara, S. (2006) *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Endraswara, S. (2010) *Folklor Jawa Bentuk, Macam, dan Nilainya*. Jakarta: Penaku.

13

Jauhari, H. (2018) *Folklor bahan kajian ilmu budaya, sastra, dan sujarah*. Bandung: Yrama Widya.

14

Kemendikbudristek (2019) *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Indonesia. Available at: <https://kbBI.kemdikbud.go.id/>.

Maharsi, I. (2018) *Wayang Beber*. Yogyakarta: Badan Penerbit ISI.

1

Mertosoedono, A. (1993) *Sejarah wayang*. Semarang: Dahara Prize.

Mulyono, S. (1982) *Wayang: Asal-Usul, Filsafat dan Masa Depannya*. Jakarta: Gunung Agung.

6

Nur Aryani, S. (2003) *Oposisi Paska Tradisi. Islam Agama Perlawanan*. Jakarta: Ladang Pustaka.

6

Nur Hakim, M. (2003) *Islam Tradisional dan Reformasi Pragmatisme (Agama dalam Pemikiran Hasan Hanafi)*. Malang: Bayu Media Publishing.

15

Permadi T (2004) *Filologi Konservasi Tradisi Pembuatan Daluang Sebagai Salah Satu Upaya Penyelamatan Teknologi Tradisional Nusantara*. <sup>23</sup> Fakultas Pendidikan Bahasa dan seni. Bandung: Universitas Pendidikan Indonesia.

18

Van Reusen (1992) *Perkembangan Tradisi dan Kebudayaan Masyarakat*. Bandung: Tarsito. Bandung: Tarsito.

8

Sayid (1981) *Ringkasan Sejarah Wayang: Kutipan dan Terjemahan ke Dalam Bahasa Indonesia dari Naskah Bahasa Jawa, Bau Warna Sejarah Wayang*. Jakarta: Pradnya Paramita.

20

SAYID, 'R.M. (1980) *Sejarah Wayang Beber*. Surakarta: Reksa Pustaka.

17

Shils, E. (1981) *Tradition*. Chicago: The University of



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

Chicago Press.

Soemarno (1987) *Ringkasan Sejarah Budaya*. Yogyakarta:  
*Mitra Gama Widya*. Soelarto, Albiladiyah. 1980.  
*Wayang Cina - Jawa di Yogyakarta*. Jakarta:  
Direktorat Jenderal Kebudayaan.

6

Surono (1995) *Ilmu Sosial Dasar*. Jakarta: Bumi Aksara.

12

Zahara Adibah I. (2015) ‘Makna Tradisi Saparan di Desa  
Cukilan Kecamatan Suruh Kabupaten Semarang’,  
*Madaniyah*, 2(xi), pp. 145–165.

## Biodata Penulis

### Penulis Pertama



**Tri Hartanto** mujudake nom-noman kang duwe prihatin jero kanggo pelestarian lan pengembangan kesenian Wayang Beber. Lair tanggal 2 Agustus 1991 ing Pacitan. Panulis iku anak nomer 4 saka 4 anak saka pasangan Sokimin lan Saikem. Penulis pendhidhikan ing SD Gedopol II taun 1998 lan lulus taun 2004. Ing taun sing padha penulis nerusake pendidikan ing SMPN 2 Paranggupito, Wonogiri lan lulus taun 2007. Sasampunipun lulus ing SMP, panulis nerusake menyang pesantren AL-HIKMAH Sumberjo, Kecamatan Karangmojo, Kabupaten Gunung Kidul, Yogyakarta. Lan penulis kadhaftar minangka mahasiswa ing STAINU Pacitan taun 2023. Penulis uga aktif dadi ketua yayasan Rumah Wayang Beber lan wis nuduhake komitmen sing kuat kanggo nglestarekake warisan budaya tak benda terkenal iki liwat macem-macem langkah lan inisiatif iya iku. Kanthi ketekunan, motivasi sing dhuwur kanggo sinau lan nyoba, penulis wis kasil ngrampungake buku

Wayang Beber Karang Talun Gedopol. Muga-muga kanthi nulis buku iki kita bisa menehi kontribusi positif kanggo konservasi Wayang Beber kanggo jagading pendhidhikan. Pungkasanipun, panyerat ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa upami paripurnaning buku kanthi irah-irahan “Wayang Beber Tawangan, Gedopol, Pacitan”

### Penulis Kedua



**Tiara Ayu Mumpuni Putri, S.Pd** yaiku Lulus Program Studi Universitas Negeri Yogyakarta Pendhidhikan Basa Jawa kang nduweni rasa prihatin marang kabudayan Jawa mligine Wayang Beber Pacitan. Diwiwiti saka ngrampungake Tugas Akhir Skripsi minangka Sarat kanggo ngrampungake makalah riset pasinaon pungkasan Daluang Ponorogo, nganti akhire kasengsem nliti Wayang Beber Pacitan kang nggunakake, Daluang Ponorogo minangka media Wayang Beber Pacitan. Lahir ing 16 Juni 2000 ing Madiun. Penulis minangka anak pertama saka 2 sedulur Supoyo lan Tri Meini. Penulis pisanan sinau ing MI Hidayatul Islam Ngendut Utara taun 2006 lan lulus taun



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

2012. Ing taun kang padha, penulis nerusake pendhidhikan ing MTsN Doho (Saiki MTsN 1 Madiun) lan lulus taun 2015. Sawise lulus saka MTs, panulis nerusake pendidikan formal ing MAN 2 Ponorogo bebarengan karo pendhidhikan nonformal ing Pondok Pesantren Asy-Syafi'iyyah Duri, Sawo Ponorogo lan lulus ing 2017. Ing taun sing padha penulis kadhaftar minangka mahasiswa ing Universitas Negeri Yogyakarta lan kasil ngrampungaké studiné kuliah taun 2024. Latar belakang penulis minangka mahasiswa pendidikan basa Jawa wis nuduhake komitmen sing kuat kanggo nglestarekake warisan budaya Tak obyek terkenal iki liwat macem-macem langkah lan inisiatif iya iku. Kanthi ketekunan, motivasi sing dhuwur kanggo sinau lan nyoba, penulis wis kasil ngrampungake buku Wayang Beber Karang Talun Gedopol. Muga-muga kanthi nulis buku iki kita bisa menehi kontribusi positif kanggo konservasi Wayang Beber kanggo jagading pendhidhikan. Pungkasanipun, panyerat ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa upami paripurna buku kanthi irah-irahan **“Wayang Beber Tawangalun, Gedopol, Pacitan.”**

“



Dr. Agoes Hendriyanto, S.P., M.Pd, miyos ing Kabupaten Pacitan tanggal 19 Januari 1971. Sampun lulus pendidikan sarjana (S-1) saking Universitas Brawijaya Malang lan pikantuk gelar magister (S-2) saking Program Studi Pendidikan Bahasa Indonesia ing Universitas

Sebelas Maret (UNS) Surakarta. Salajengipun, piyambakipun lulus saking gelar Doktor (S3) ing bidang Ilmu Budaya ing Fakultas Ilmu Budaya Universitas Sebelas Maret. Sapuniка panyerat dados anggota PPLP-PT PGRI Pengelolaan Pacitan, dosen tetap STKIP PGRI Pacitan saha PT sanesipun lan kalebet dosen pendamping. Penulis nduweni keterlibatan aktif ing Organisasi Non-Pemerintah "Masyarakat Pengembangan Sosial Budaya" (KPSB). Saliyane iku, panulis uga nduweni kalungguhan minangka Direktur CV. Socio Cultura Indonesia, PT Prabangkaranews Media Group, PT Prabangkara Media Utama lan melu layanan lan studi sosial budaya. Dheweke uga aktif minangka peneliti, aktivis budaya, staf ahli, penulis, wartawan, lan narasumber ing macem-macem kegiatan sosial, budaya lan komunitas. Macem-macem makalah ilmiah asil karyane wis diterbitake ing macem-macem jurnal internasional sing kalebu ing indeks jurnal nasional terakreditasi uga sing diindeks dening Scopus lan Shinta. Editor enulis uga aktif melu seminar internasional, sing dianakake ing njero lan luar negeri, uga acara seminar nasional. Penulis wis nulis puluhan buku sing duwe nomer ISBN, kalebu buku pelajaran, karya babagan masalah sosial budaya, lan filsafat. Penulis uga nduweni



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

peran minangka pimpinan redaksi media online www.PrabangkaraneWS.com, www.Pacitanterkini.com. Alamat Penulis Jl. Buwono Keling Km-1, Sirnobojo Pacitan, Jawa Timur. Alamat email sing bisa dihubungi yaiku Rafid.musyffa@gmail.com



KEMENTERIAN  
KEBUDAYAAN  
REPUBLIK  
INDONESIA

DANA INDONESIA

lpdp

# WAYANG BEBER-TAWANGALUN-2025

## ORIGINALITY REPORT



## PRIMARY SOURCES

---

1	eprints.uny.ac.id Internet Source	3%
2	pustaka.kebudayaan.kemdikbud.go.id Internet Source	1 %
3	iris1103.uns.ac.id Internet Source	1 %
4	repository.stkippacitan.ac.id Internet Source	1 %
5	prabangkaranews.com Internet Source	1 %
6	ejournal.stit-alkifayahriau.ac.id Internet Source	<1 %
7	Sumbo Tinarbuko, Cok Alit Artawan. "Interpretasi Visual Sila Kedua dan Kelima Wayang Beber Pancasila", Mudra Jurnal Seni Budaya, 2021 Publication	<1 %
8	lontar.ui.ac.id Internet Source	<1 %
9	widodogrohotriatmojo.blogspot.com Internet Source	<1 %

---

---

10	repository.syekhnurjati.ac.id Internet Source	<1 %
11	jurnal.umpwr.ac.id Internet Source	<1 %
12	eprints.iain-surakarta.ac.id Internet Source	<1 %
13	journal.unnes.ac.id Internet Source	<1 %
14	etd.repository.ugm.ac.id Internet Source	<1 %
15	file.upi.edu Internet Source	<1 %
16	jurnal.unipasby.ac.id Internet Source	<1 %
17	archnetwork.wordpress.com Internet Source	<1 %
18	digilib.uinkhas.ac.id Internet Source	<1 %
19	kebudayaan.jogjakota.go.id Internet Source	<1 %
20	muthmainahiin.wordpress.com Internet Source	<1 %
21	repository.isi-ska.ac.id Internet Source	<1 %
22	itsmagnesiumbenzoate.blogspot.com	

---

Internet Source

<1 %

23

[text-id.123dok.com](#)

Internet Source

<1 %

24

[repositori.kemdikbud.go.id](#)

Internet Source

<1 %

25

[jurnal.fkip.uns.ac.id](#)

Internet Source

<1 %

Exclude quotes

Off

Exclude matches

Off

Exclude bibliography

On